ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРПАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРПАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ ХЫДОКІ

№94 (24.220) • 2021 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 7, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрыІэрагъэпэщрэ илъэси 100 ирокъу» фэеплъ медалыр къыдэгъэкІыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрыІэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум и щыхькІэ **унафэ щІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрыІэрагъэпэщрэ илъэси 100 ирокъу» фэеплъ медалыр гъэувын (адэкІэ - фэеплъ медалщ)

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къалэн щызэщІ:

Фэеплъ медалым теухуа положенэр гъэхьэзырауэ ар къэщтэным, фэеплъ медалым и теплъэр зыхуэдэнэр убзыуным, фэеплъ медалыр щрагъкІэ абы щыІыгъуу тхылъым и щапхъэр къэщтэным ехьэлІа лэжьыгъэхэр къызэрыгъэпэщыну;

фэеплъ медалыр къыдэгъэкІыным теухуа Іэхуэхэм текІуэдэну мылъкур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхигъэкІыну.

3. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм шыщхьэуІум и 4-м
№90-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Ухуэныгъэ ІэнатІэм зегъэуэжьыным хуащІа хэлъхьэныгъэмрэ илъэс куэд хьэуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ

цІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и архитектор»

Бжьахуэ Музариб Исмэхьил и къуэм - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрат федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущапм Архитектурэмкіэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкіэ и институтым архитектурэ проектхэр щыІымкіэ, дизайнымрэ декоративно-прикладной гъуэджэмкіэ и кафедрэм и доцентым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и ухуакІуэ»

Азубэч МуІэед ТІалиб и къуэм - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къудэзэм

КІэщт Валерий Алихьан и къуэм - зи жэуаплныгъэр зэхэгъэщхьэхуакІа «ВАК» зэгухьэныгъэм и унафэщІым

Къуэдзокъуэ Заур СулъІан и къуэм - зи жэуаплныгъэр зэхэгъэщхьэхуакІа «Строй-К» зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым

Магарамов Абдулнасир Низам и къуэм - зи жэуаплныгъэр зэхэгъэщхьэхуакІа «Прохладнэ чырбыш завод» зэгухьэныгъэм и инженер нэхъыщхьэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм шыщхьэуІум и 5-м
№91-УГ

Ди къуэш республикэхэм

Медицинэ Іуэхутхьэбзэр тынш мэхъу

АДЫГЕЙ. **«Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ мы махуэхэм Адыгэ Республикэм къыІэрыхьащ «Диагностика» зыщагъэхъуж-узыншагъэр къыщапщытэ комплекс (МЛПК).**

АХЭР зыхухэхар къуажэдэсхэрщ. Куэшхьэблэ, Тохъутэмыкъуей, Краснагвардейскэ щІыналъэхэмрэ Адыгей щІыналъэ сымаджэщымрэ иратынущ медицинэ машинэхэр. Адыгей щІыналъэм «Лаборатория рентгенодиагностическая передвижная» комплексыр ягъакІуэ, стоматологие медицинэ комплексыр Адыгей республикэ стоматологие поликлинэкэм иратынущ.

Машинэхэр электрокардиограф, дефибриллятор, иджырей компьютер Іэмэпсымэ, унэльащІэ хуэдэхэмкІэ зэщІэуэздащ, цІыху сымаджэм и узыншагъэр зыхуэдэр хъапщытэфыным тещІыхьауэ. Кўуажэ пхыдзахэм дэсхэм мы машинэхэм я фІыгъэкІэ тыншу медицинэ дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтынущ, анализхэр ятынущ, дохутырхэм я чэнджэщ кьалэрыхьэнущ, хуей хъумэ, и чэзум сымаджэщым ягъэкІуэнущ.

Школхэр гъэ еджэгъуэщІэм хуагъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и Іэтащхьэм и нэІэ щІэту йокІуэкІ курыт школхэр гъэ еджэгъуэщІэм зэрыхуэгъэхьэзырыр. Иджыкіэ школи 176-мрэ сабий Іыгъыпіэу 134-мрэ къагъэщІэращІэ, зэлъытІуах. Къищынэмыщіауэ, Іэщіагъэлізхэм къапщытэ зэрырагъаджэ тхылъхэмрэ щІэныгъэ-педагогикэ литературэкІэ школхэр зэрыхуэущІар.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэ Темрезов Рашид и унафэкІэ, 5 - 9-нэ классхэм папщІэ сом 92 986-рэ и уасэ тхылъхэр къащэхуащ, ахэр кьалэхэмрэ щІыналъэхэмрэ мыгувэу трагъэшэнущ. Гулъытэ хэха хуащІ еджапІэхэр щІыналъэншэу щытыным, мафІэсым зэрыщахъумэ Іэмэпсымэхэр щІэшэным. Іэтащхьэм зэрыжиІамкІэ, дэтхэнэ школми щылэжьэн хуейщ хъумакІуэ-мафІэс сигнализацэр, полицэр къызэрыраджэ телефоныр, кьэзыщІым и номер къызытридзэ телефон-автоматыр, видео камерхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗыплъыхьакІуэхэм хъахохъуэ

АБХЪАЗ. **Иужьрей илъэс 30-м елъытауэ, мы гъэм зыплъыхьакІуэхэр куэдкІэ нэхъыбэ щыхъуащ Абхъазым. 2020 гъэм щыщхьэуІум и 1-м щегъэжьауэ щэкІуэгъуэ хъуху, урысей-абхъаз гъунапкъэр зэІуахыжа нэужь, турист мин 600 ихьащ къэралым. 2019 илъэс псом абы щыхьэщІар турист мелуаным щІигъущ. Иджы Минтуризмэм къызэрыІытэмкІэ, цІыху мелуанрэ ныкъуэм зыщагъэпсэхунущ псэм и лъахэу кьалъытэ республикэм.**

2021 ГЪЭМ и накьыгъэм цІыху мин 30-кІэ нэхъыбэ кІуащ Абхъазым, нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм еплъытмэ, мэкъауэгъуэм а бжьыгъэр нэхъыбэж хъуащ. Мы мазэмэ цІыху Іув щызэтрихьауэ йокІуэкІ.

АР-м туризмэмкІэ и министр Хишбэ Теймураз зэрыжиІамкІэ, Гагрэ, Пицундэ, Новый Афон я зыгъэпсэхупІэхэм щІэзт туристхэр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

• Зэпеуэхэр

«Зауэм и бынхэм» я щІыхькІэ

«Моё детство - война» урысейпсо зэпеуэр ирагъэжьащ. Абы хэтыну ирагъэблагъэ журналистхэр, тхыдэджхэр, егъэджакІуэхэр, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр, волонтёрхэр - Урысейм исхэмрэ хамэ къэрал щыпсэу ди хэкуэгъухэмрэ.

2020 ГЪЭР фэеплъымрэ щІыхьымрэ я илъэсу зэрагъэувам къыхэкІыу, зауэм и бынхэм щалэрыуалэм, журналистхэм, волонтёрхэм зэІущІэ мин бжыгъэхэр драгъэкІуэкІащ, икІи абы хьихьэу зауэм и бынхэм я гукъэкІыжхэр щызэхуэзыхьэса тхыгъэхэр, видеонэтынхэр ягъэхьэзыращ.

«Волонтёрхэм я фІыгъэкІэ я хэкуэгъухэм - зауэм и бынхэм - зэрахьа лІыгъэр дуней псом щызэлъащІысащ. Іуэхум хэтащ Урысейм и щІыналъэ 70-м щыпсэуэкэр, Луганскэ, Донецкэ республикэхэм, Аргентинэм щыщ ди хэкуэгъуэхэри къызэщІиубыдэу. Волонтёрхэм яхэтщ зауэм и бынхэм я щІэблэр. Зи ныбжьыкІэ зэщхьэщыкІ цІыхухэм я къарукІэ ягъэхьэзыра видео дэфтэрхэм иджыри хагъэхьэну, зрагъэужьыну, еджакІуэхэр, студентхэр, тхыдэджхэр, журналистхэр хагъэгъуэзэну я мурадщ. Аращ 2021 гъэм Іуэхум пащэну къыщІыхалъхьар», - жеІэ Іуэхум и къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм щыналъэ зыужьыныгъэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ и комиссэм и унафэщІым и къуэдзэ Шафиров Леонид.

Къызэгъэпэщакіуэ комитетым мы гъэм и жэпуэгъуэм и 1 пщІондэ Іуэхум хэтыну гупыж зыщІэхэм зауэм и бынхэм ятеухуа я лэжьыгъэхэр Іихынущ: гукъэкІыжхэм ятеухуа я видеонэтынхэр, ирагъэкІуэкІа дерсхэр, узэщІыныгъэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэсахэр, Хэку зауэшхуэр зи нэгу щІэкІахэм ятеухуауэ хъыбарегъащІэ къыдэкІыгъуэхэм тетатхыгъэхэр.

«Моё детство - война» Іуэхум кІэрикІуахэр зэхалъхьэжа нэужь, нэгъабэ къызэрагъэпэща YouTube-каналым щызэхуахьэсащ зауэм и бынхэм я гукъэкІыжминым щІигъу. Абы щыІыгъ мин 200-м нэблагъэ еплъащ. Социальнэ сайтхэми мелуан ныкъуэм щІигъум щалъэгъуащ. Видеонэтынхэр ягъэхьэзыращ еджакІуэхэм, лэжьакІуэхэм, волонтёрхэм.

Іуэхум хыджэру хэтащ Кърым, Хакассие, Мордовие, Удмуртие республикэхэм, Ростовскэ, Новосибирскэ, Ленингранскэ, Астрахъанскэ, Кемеровскэ, Оренбургскэ, Смоленскэ, Тульскэ, Москва, Саратовскэ, Ульяновскэ, Владимирскэ, Челябинскэ областхэм, Краснояркскэ, Краснодарскэ, Ставропольскэ крайхэм щыщхэр.

Я ныбжь емыльытауэ бийм пэщІэта балигъхэм я гъусэу лэжьа, ТекІуэныгъэ Иныр къэхьыным зи кьару хэзылъхьа лІыхъужь цыкІуэхэм ятеухуа энциклопедие тхыгъэ мин бжыгъэхэр волонтёрхэм кьытрагъэдзащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

• Щыуэпс

Фейдэм тращІыхьмэ, хэщІыр нэхъыбэнущ

Экологиемкіэ Урысей зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ Іэрыпщ Аслъэн зэрытепсэлъыхьамкІэ, ди псы ежэххэмрэ щІыщІагъ псыхэмрэ нэрылъагъуу нэхъ мащІэ мэхъу.

ИУЖЬРЕЙ илъэс 20-м спутникымкІэ траха сурэтхэм къызэрагъэпІагъуэмкІэ, Кавказ къуршым и мыладжэхэр процент 30 - 40-кІэ нэхъ цыкІу хъуащ, уеблэмэ ткІупахэри яхэтщ.

Мы зэрыщыытым хуэдэу дунейр нэхъ хуабэ хъуурэ екІуэкІмэ, апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ псом лъэІэсынущ. Псыр мащІэ зэрыхъурэ мэзылъэхэм хэщІащ, апщІондэху абы щыпсэу псэущхьэхэр нэгъуэщІ щыпІэхэм мэІэпхъуэ. ЩІэныгъэлІым зэрыжиІамкІэ, илъэсипщІ зыбжанэм кьриубыдэу а щытыкІэ дыдэм ивэнущ Ставрополь щыналъэри.

- Дэ нэгъуэщІ мыхъуми кьуршхэм иджыри дыкъахъумэ, мохэр тафэм тесщ, нэхъ щІэхьу къум щІыпІэ хъункІэ шынагъуэу. Абы и щапхъэ нэсщ мы илъэс зэкІэлъыкІуэхэм дей жыгхэм агъуэта щытыкІэр. Нэхъ быдэрэ хэплъыхь нэхъ зымыщІрэ къэгъуэтыгъуейуэ, дэни къыщыкІыу щыта дэшхуей жыгхэр сымаджэу хуежьащ: иджыри мыхъуа щІыкІэу, дэм и кур мэуфІыщІри, фын щІедзэ, хущъуэгъуэу къагъэсэбэпу щыта и тхьэмпэхэм хагъуэ хедзэ. Апхуэдэ жыг Іэчлъэчым щІыуэпсым къыхаутІыпщхьэ фІей псор щыхуэмыхьыжкІэ, адрей къэкІыгъэ цыкІуфэкІухэм сыт къапэплъэр?

Щыыуэпсым къыпъыс лейм и къежьапІэхэм ящыщщ щІым телэжьыхьэр езым я хэхъуэм фІэкІа нэгъуэщІым зэремыгупсысыр. Пъэхъэнэ блэкІам апхуэдэ щыІакъым: щІым гъабгъэ дихьрт, гъавэмрэ хадэжкІымрэ зытрасэ хьэсэкэр пІалъэ пыухыкІам тету яхьэужьрт, абыхэм я дэтхэнэ зыми щІым зы гъэм фІэкІуэдар етІанэгъэм трасам къыхьилъхьэжьи хуэдэу.

Иджыпсту илъэситху, илъэсих зэкІэлъыкІуэм ар зымыхъужьжэр нэхъыбэщ. Нэхъ шынагъуэжщ, пщэдей къапигъаплъэр ямыщІэу, нобэ кьагъэсэбэп щыІыгъэпшэр щІэрыщІэхэри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

• Олимп джэгухэр

Олимп дыщэр Кавказым щолыд

Токио щекІуэкІ гъэмахуэ Олимпиадэр иухыным къэнэжар махищ къудейщ. Иужьрей зэхьэзэхуэхэм абы хуабжьу гухэхъуэ къыщыхожанькІ Кавказ щыналъэм икІа щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ.

МЕДАЛХЭМ я бжыгъэ зэпеуэм ухэплъэмэ, щыщхьэуІум и 4-м Инджылызым Урысейр еханэ увыпІэм кьригъэкІуэтэхауэ щытащ. Ауэ махуэ блэкІам кьахуихьа ехьулІэныгъэхэм я фІыгъэкІэ ди спортсменхэр аргуэру етхуанэ увыпІэм дэкІуеижащ.

ЩыщхьэуІум и 4-м 53-нэ дыщэ медалыр кьэралым кьыхуахьащ псым тІурытІу щызэздесым Іэзэгъкіэ зыри зылъэщІэмыхьэфа Ромашинэ Светланэрэ Колесниченкэ Светланэрэ. ИтІани, Іуэхум гугъэзагъэу зихъуэжькІи щыщІидзар боксымрэ бэнэкІэ хуитымкІэ иужьрей зэпеуэхэм я чэзум кьэса нэужьщ.

ЩыщхьэуІум и 5-м Урысейм и медаль бжыгъэр боксым къыщызэІуихащ килограмм 75-рэ нэхърэ мынэхъ хьэлъэхэм я гупым щызэуа Бакши Глеб и домбеякъым.

Дыщэр зи Іэрылъхьэ хъуа нэгъуэй щІалэ Батыргазиев Альберт и нэгум уиплъэмэ, игъащІэкІи уи фІэщ хъункъым килограмм 57-рэ нэхърэ мынэхъ хьэлъэхэм зы цІыху япэ щизымыгъэща спортсмен нэфІэгуфІэм и Іэр кьиІэту зыгуэрым еуэфыну. Ауэ щыхъукІэ, ар зытекІуар США-м щыщ боксёр лъэрызехьэ дыдэхэм хабжэ Рэган Дюкщ. Урысейм щыщ лъэпкъ цІыкІум къызэрыхэкІам нэмыщІыж, Альберт къыщалъхуар Дагъыстэн дыдэми зи цІэр къыщыхэмыщ Нэгъуей щыналъэрщ. Абы нэхъри нэхъ гухэхъуэ ищІащ олимп чемпионыщІэм къыдэщІа и лъэпкъэгъуэхэм я гуфІэгъуэ зэхэзэжэр.

Боксыр пщигъэгъупщэжыну гуащІэу екІуэкІащ бэнэкІэ хуитымкІэ зэхьэзэхуэри. ЯпэщІыкІэ и домбеякъ медалымкІэ дигъэгуфІащ Найфонов Артур.

Индием къикІа Рави Кумар 7:4-уэ текІуэри, а унэтІыныгъэ дыдэм дыщэ медалыр щызыІэригъэхьащ Дагъыстэным щыщ Угуев Заури (килограмм 57-рэ нэхърэ мынэхъ хьэлъэхэм).

Хъыбарыфікіэ узыщагъэгугъ Кавказым щыщ адрей щІалэхэмкІ. Осетин бэнакІуэ Сидаков Заурбек и хьэрхуэрэгъум 11:0-у текІуэри, иужьрей зэпеуэм нэсакІащ. Ардыдэм дагъыстэн щІалитІ щызэхуэзэжьнкІи хъунущ. Ахэр зыми егъэцІыхужьын хуэмей, 2016 гъэм екІуэкІа Олимпиадэм и чемпион Садулаев Абдупрашидрэ абы куэдкІэ къыкІэрымыкУ Рашидов Гаджимурадрэщ.

А махуэ дыдэм башыр къагъэщхьэпэу лъагэу дэлъеинымкІэ зэпеуэхэм къахэжаныкІащ дыжьын медаль къэзыхьа Сидоровэ Анжеликэ.

Япэрей зэхьэзэхуэхэм пхыкІакІащ КъБР-м и цІыхубэм фІыуэ ялъагъу, Къалэкіыхьым щыщ хъыджэбз Ласицкене Марии. Щэ-нейрэ дунейпсо чемпион хъуа Марие сантиметри 195-м щхьэдэлъхьри, кІэух зэпеуэм нэсакІащ. ЩыщхьэуІум и 7-м Ласицкене зэхьэрхуэрэгъу 14 зыхэтыну иужьрей утыку ихьэгъуэм дыщигъэгуфІэну дыщогугъ.

ЩыщхьэуІум и 6-м бэнэкІэ хуитымкІэ утыкум Венгриием къыбгъэдэкІыу ихьащ Хьэсэней къуажэм щыщ Мусукаев Исмэхьил. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, щІалэр иужьрей зэпеуэм и Іыхьэ пІланэм япон бэнакІуэм щыпикІуэтащ.

Кавказ бэнакІуэхэм къакІэрымыхуу къыщІэкІащ боксым хэт Магомедалиевэ Земфирэ. ЩыщхьэуІум и 6-м дагъыстэн хъыджэбзым Урысейм и 59-нэ медалыр (домбеякъ) къыхуихьащ. А унэтІныгъэ дыдэм дыжьын медаль къыщицлэжьащ Гаджимагомедов Муслим.

Урысей къыщхьэбзхэр къыщыкІуэтыну я мурадкъым художественнэ гимнастикэми. Псом япэ иту зэхьэзэхуэм хэтщ Аверинэ зэшыпхъухэу Аринэрэ Динэрэ.

Тхыгъэр хьэзыр хъуакІэт осетин щІалэ Сидаков Заурбэч Урысейм 17-нэ дыщэ медалыр къыззыхуихьа хьыбарыр къыщыІуам. Пщэдей ардыдэмкІэ дыщогугъ Кўбэм щыщ и хьэрхуэрэгъум 4:0-у текІуэу кІэух зэпеуэм нэса Садулаев Абдупрашид.

ЧЭРИМ Марианнэ.



Токио щекІуэкІ XXXII гъэмахуэ Олимп джэгухэм медаль нэхъыбэ къыщызыхьахэр
(щыщхьэуІум и 5-м ирихьэлІэу)

№	Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Домбеякъуу	Псори
1.	Китай	34	24	16	74
2.	США	29	35	27	91
3.	Япония	22	10	14	46
4.	Австралие	17	5	19	41
5.	Урысей	16	22	20	58

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - фокІадэм (сентябрым) къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдэ хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущапіэми.

Мазі 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 466-рэщ.

Ди индексыр П5894

● Зэіущіэхэр

Хэхыныгъэхэм ятеухуауэ

Шыщхьэуіум и 4-м «Вечерняя Москва» газетым и редакцэм web-семинар щекіуэкІащ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэм папщІэ.

АБЫ ЩЫТЕПСэЛъЫХЬАЩ хъыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэм ехьэлІаУэ щыІэ законодательствэм игъэтэ зэхъуэкІыныгъэхэм, хэхыныгъэхэр щекІуэкІ зэманым абыхэм я лэжьыгъэ кІыхьзэрызэрагъэпэщыжьмрэ яІэ хуитныныгъэхэр зыхуэдэмрэ.

ЗэІущІэм хэтащ «Роскомнадзор»-м и управленэу ЦФО-м щыІэм и унафэщІым и къуэдзэ **Макаренко Николай**, «Роскомнадзор»-м и управленэу ЦФО-м щыІэм цІыхубэ коммуникацэхэм ехьэлІаУэ кІэлъыплъныгъэхэр кІыхьзэгъэпэщыныжьмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Федосеевэ Даринэ**, Москва къалэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэ Реут Дмитрий, «Роскомнадзор»-м и управленэу ЦФО-м щыІэм теле-радио нэтынхэр къэпщытэныжьмкІэ и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ **Щербаков Сергей**.

Федосеевэ Даринэ жиІащ хэхыныгъэхэр щекІуэкІкІэ хъыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэм я лэжьыгъэр хабзэм тету къызэрызэрагъэпэщыпхъэр. Къищынэмыщіауэ, ар къытеувыІащ Іуэхущапіэхэм яІэщІэкІ ныкъусаныгъэхэр зыхуэдэм. Абыхэм ящыщу къэпсалъэм къигъэлъэгъуащ кьыхуедджаныгъэхэр щыщІадзэ пІалъэр къэмысу хъыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэр апхуэдэ лэжьыгъэхэр къатыну иужь зэрихьэр, цІыхубэм я Іуэху еплъыкІэхэр зэрытрадзэнтхъэ щыкІэр къызэрызэпаудыр, нэгъуэщІхэри. Закон и лъэныкъуэкІэ зытетын хуей хабзэхэр бзылъхугъэм кІигъэлъэгъащ. Апхуэдэщ: «Урысей Федерацэм и цІыхуэхэр референдумым хэтыну яІэ хуитныныгъэхэмрэ щэсыпІэ нэхъыщхьэхэмрэ» Федеральнэ Закон №67-р, «УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэм я хэхьныгъэхэм теухуауэ» ФЗ №20-р, «Экстремист Іуэхум зэрыпэщІэтым теухуауэ» ФЗ №114-р, «ХъыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэм ятеухуауэ» ФЗ №21 - 24-р.

ХэхакІуэхэр Іуэхум щыхагъэгъуазэкІэ, хъыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэр хуитщ кандидатхэм зэрепсэльар е абыхэм ятеухуа тхыгъэхэр къытрадзэну, хэхныгъэм хэтыну зыкъыщызыгъэльэгъуа цІыхум иригъэкІуэкІ Іуэхухэм тетхыхьыну.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Адыгэ-абазэ кхъуэхьыжьыр щІэрыщІэу яухуэжащ

Зы лъэпкъышхуэм и къудамитІу къалъытэ адыгэхэмрэ абазэхэмрэ я тхыдэм къыхощ пасэ зэманым псэуа зэлъэпкъэгъуэм хым уэзыттетыф кхъуэхэр Іэззэу ящІу зэрыщытар.

ИЛЪЭС 200 ипэкІэ адыгэ-абазэхэм яІащ хым зэрыщІзауэ кхъуэ псынщІэхэр. Абхъаз республикэм щыІэ «Апсны» этнопаркым апхуэдэ зы щІэрыщІэу зэригъэпэщыжауэ, иджыблагъэ Рицэ гуэлым триутІыпщхьэну зегъэхьэзыр.

Кхъуэхым и теплъэр зэфІигъэуэвэжыну къалэн зыщыкІыжар абхъаз сурэтыщІ Джапуа БетІалт. Чертёжхэм яужь ихьэн ипэкІэ, щІалэр урысхэм, тыркуэхм я тхыдэ лэжьыгъэхэм, сурэтыжьхэм, щІэныгъэлІ тхыгъэхэм куэдрэ яхэплъащ. Абы и нэгум къызэрыщІэувам тету иджыблагъэ Петроза водск щащІа кхъуэхыр шыщхьэУум и 5-м Абхъаз щІынаІъэм нашэсыжащ. Ауэ абы ипэкІэ, шыщхьэУум и 4-м, къэмэрыр (арат апхуэдэ кхъуэхъэм зэреджэу щытар) Къуэкіыпіэ музейм Адыгэ республикэм щиІэ къудамэу Мейкъуапэ дэтым щІагъэувэри, цІыхухэм ирагъэлъэгъуащ.

Іуэху дахэм къыпэджащ Адыгэ республикэм и Іэтащхьэ Къумпіыл Мурати. «Адыгэ-абазэхэм я тхыдэм псэ къыІуэкІэжа хуэдэщ, мы кхъуэхым ущеплъкІэ. Абы икІи Іэмал къыдет ди яІпэ итахэм ябгъэдалъа зэфІэкІым и лъагагъыр зыхэтщІэну», - щетх адыгей лІыщхьэм и инстаграм напэкІуцІым.

«Нобэ дыкъызэрихьэлІар тхыдэм кхъухэнэну зыхуэфащэ Іуэхушхуэ, - жиІэ Мейкъуапэ щекІуэкІ гъэлъэгъуныгъэм хэта, КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и щІэныгъэрылажьэ нэхъыщхьэ Мэрзей Аслъэнбэч. - Мы кхъуэхым адыгэ кхъуэхкІи абазэ кхъуэхкІи уеджэ хьунущ. Абы и хьыбарым алыджэурымхэм я зэманым щыщІадзауэ ущрохьэлІэ тхыдэ лэжьыгъэхэм».

ЩІэныгъэлым зэрыжиІэмкІэ, абхъаз сурэтыщІ Джапуа БетІал илъэс тІощ хьуауэ щІэхъуэпсырт ар зэфІигъэувэжыну. Иджы и мурадым Іэкіэ телэбащ. «Мы Іуэхум и фыгъэкІэ адыгэхэмрэ абхъаз-абазэхэмрэ зэрыубыдыж ядейкъым, - жеІэ Аслъэнбэч. - Кхъуэхым кІуэдыжьпэнмэ нэса лъэпкъыжьым и хъуГуэфыгъуэ кІигъэщІэрэщІэжащ. Адыгэ-абхъазэхэм хьтет хъунщІакІуэхэр (пиратэр) зэрыса кхъуэхь лІэужьыгъуэ зэралэр псоми ящІэ. Ауэ зы щІыІум мылъку кІэщІагуэрыуейуэ тета псоми хъунщІакІуэкІэ уеджэнкІэ къеззэгъыркъым. Кхъуэхыпщхьэм зызрапщыту щытар езыхэм я хэгъэгухэм къебий къэралхэм я кхъуэхьэрт».

Къэмэрым метр 14, 5-рэ и кІыхьагъщ, метри 2,5-рэ и бгъуагъщ. Абы дыщІыгъуу белхьэкхъуафэу 14, и мачтэм метриплІ и лъагагъщ, мотор хэтщ. Езыр уэздыгъеймрэ жыгеймрэ кхьыхэщІыкІащ, зы сихьэтым кІриуфыдэу километр 12 - 14 псынщІагъ зэпичыфынущ. Абы зэуэ итІысхьэ хъунущ щІыху 50-м нэс.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Сыт иджыри къытпэплъэр?

Дунейр зэриухуэрэ щыІа вирус лІэужьыгъуэ куэд Тибетым къыщоушыж.

АПХУЭДЭ къэхутэныгъэхэр иджыблагъэ «Микробиум» журнал цІэрыІуэм хэІущІыІу щащІащ Америкэм и щІэныгъэлІхэм.

Кхъухьэпіэ Китайм и Гулия мыладжэхэм, илъэс мин 15 зи ныбжьхэм, къыщагъуэта вирус зэмылІэужьыгъуэу 33-м я генетикэ кодхэр иджыблагъэ кхьухтащ. Абы щыщу 4-р зыхуэдэр ипэкІэ ирихьэлІауэ ящІэ, 29-р я щыпэлъагъущ. Мылыр ткІуа нэужь ахэр хуиту къызэщыужащ икІи гъэщІэгъуэн лъэпкъ хэплъагъуэ хъунукъым, дяпэкІэ цІыхум зи щымыІа узыфэхэр кІажьэхэуэнкІэ щынагъэ зэрыщыІэр вирусологхэм щхьэтечу зэрыжаІэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ФІыщІэ

Дохутырым и Іуэху бгъэдыхьэкІэм куэд елъытащ

**Республикэ сымаджэщым и хирург Іэзэ, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат Шэмиль Заур Мурадин и къуэм фІыщІэ хуэсщІыну сыхуейщ операцэ сищІу си узыр зэрысщхьэщыкІым гу лъыстащ икІи къысхуищІа псомкІэ хуабжьу арэзы сыкъыщІащ. Ар и Іэщіагъэм хуэІэзэ дохутырыфІу къыщежІагъэ саунэтІати, сыхущІегъэжакъым. ЗэІэзэрыту, гуапэу сригъэблагъэри, къызэплъащ икІи пІалъэ къыхимыгъэкІыу операцэ сищІащ. КъыжьыІапхъэщ операцэм и пэкІи и ужькІи ар набдзэгубзаплъэу къызэрысхущытар, и къалэн псори сымаджэм игу дыхьэу зэригъэзэщІар, дохутырыфІым и мызакъуэу, щыхуфІу зыкъызэрызэригъэлъэгъуар. Мы коронавирус уз зэрыщІалэр щыета лъэхъэнэм, щІыхуэр сымаджэщ кІуэну щыщынэ зэманым срихьэлІами, Республикэ сымаджэщым щІэт псоми фІыщІэ ин кьалэжьу я Іэнатіэм зэрыпэрытым, сымаджэр зэхащІыкІыу, ар зыхуеину псомкІи къэзэрагъэпэщу зэрыщытым гу лъыстащ.

Фи газетыр къэзгъэссэбэпу Щэмей Заур къыскъуищІа Іуэхутхъэбзэ щхьэгъэпэм, си узыншагъэмкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэм гуапагъэкІэ сыпэджэжьну сыхуейщ. И щхьэкІэ, и унагъуэкІэ и мурад псори Тхьэм къыхуэзэпищэ, и Іэщіагъэм хъер куэд къыпэкІуэрэ цІыхубэр кхъухэзэхъуэхъуэу илъэс куэдкІэ Тхьэм игъэлажьэ, игъэуэзынщэ.

МЕР Рустам.
Нарткъалэ

● Астрономие

ЗэрыщыІэр фІэщщІыгъуэйми

ЗэрызэхтхамкІэ, ди Дыгъэм ирагъэщхьу нэхъ къытпэгъунэгъу дыдэр Проксимэ Центаврэ зи фІэщыгъэ вагъуэ жьэражьэрщ.

ФИГУ къздгъэкІыжьнщи, абы и деж 2016 гъэм астрономхэм къыщагъэтаУэ щытащ ГъащІэ эдэщыІэнкІэ хъуну зыхуагъэфащэ, и инагъ-и цІыкІыгъакІэ ЩІы Хъурейм хуагъадэ, нэхум зэрызидз псынщІагъкІэ къэдбжмэ, илъэси 4-кІэ тпэІэщІэ планетэ гъэщІэгъуэн.

Иджы, мис аргуэру, хьэршым а и Іэгъуэблагъэм ипэрйм ирагъэщхь планетэ щыІэнкІэ зэрыхъунур къыжаІащ Чили къэралым хьэршым къыщекІуэкІхэр щызыджу щылажьэ щІэныгъэлІхэм.

Ар дыдэм щыхьэт техуауэ Италием и Турин къалэм дэт, Астрофизикэмкіэ лъэпкъ институтым (INAF) и ІэщіагъэлІхэри. А Іуэхум теухуауэ я Іуэху еплъыкІэр зыхуэдэр абыхэм иджыблагъэ хэщыщыкагъэщащ Science Alert щІэныгъэ журналым къытрырагъэдза я тхыгъэм.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.



● Гъуазджэ

ФІы къытхуэзыщІа цІыху цІэрыІуэ

УФ-м и цІыхубэ артист Сокуров Александр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым абы щиІэ лъэщапІэм щагъэлъэгъуащ режиссёр цІэрыІуэм и фильм нэхъыфІхэр.

- СОКУРОВ Александр и фильмхэм дунейм псор, блэкІар, нобэрэр, къэкІуэнур къызэщІаубыдэ, - жиІащ КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **ХьэІупэ Джабрэіил**. - Александр и фІыгъэкІэ республикэм и цІэр жьжьэ зыгъэІуэ, зэфІэкІ зиІэ режиссёрхэр къытхэхьащ.

КъБКъУ-м и унафэщІ **Альтуд Юрэ** и псалъэм къыхиГъэщащ Сокуров Александр и гъэсэнхэм я лжьыгъэхэр щагъэлъагъуэ щэнхабзэ зэхьхьэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр, Сокуровым ди республикэм, университетым хуищІэ лжьыгъэм дяпэкІи пищэну зэрыщыгугъыр. Абы Сокуровым хуэгъэза псалъэ гуапэхэр жиІащ, и зэфІэкІыр мыкІуэщІу, гъащІэ уэнцІэ, кІыхь къыгъэщІну ежъуэхъуащ.

Сокуров Александр и лэжьыгъэхэм ящыщу яГъэльгъуащ «Русский ковчег» (2002) фильмыр. Урыс тхыдэм илъэс 300 гъуэгуанэ къыщызыкІуа Эрмитажым и залхэм зэпэІэщІэу зыщІупльъхьыныкІэ Іэмалыфіу къаІыльтэ лжьыгъэр, дауи, куэдым яГу дыхьащ. Щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ зэрыщыізэхуэхунэм и лъэныкъуэкІэ зыхуэбгъадэ хъун щымыІэ фильмым щыІу макъамэми зи гугъу ищІ зэманым (1917 гъэм къэхъуа революцэм ипэкІэ) зи тетыгъуахэм я щыгъынхэми, сурэтыщІ гъэзджэм и фІыпІэхэмкІэ пэшхэр зэрагъэщІэрэщІами узыІэпашэ.

Абы къыкІэлъыкІуащ режиссёрым и «Солнце», «Франкофония» фильм гъэщІэгъуэнхэр, и гъэсэнхэм ягъэувэ «Они ушли от меня», «Счастливая семья», «Антигона» лжьыгъэхэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ, пшыхьэм щагъэлъэгъуа фильмхэр Интернетым зэрыщумыгъуэтынур.

Сокуровым и гъэсэнхэр дунейпсо кинофестивалхэм пашэ зэрыщыхъур, дамыгъэ лъапІэхэр къызэрыщыхуагъэфащэр, республикэм и цІэр фІыкІэ хамэ къэралхэм зэрыщагъэІур гуапэщ. Сыту фІыт, абы иублауэ щыта лжьыгъэм ди университетым щыпищэну тезыгъэгушхуэн гулъытэ игъуэтамэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Мы махуэхэм

Шыщхьэуіум и 7, *щэбэт*

♦**Урысейм зыхъумжьныгъэмкІэ и къэрал къулыкъущІапІэм связь хэхамрэ хъыбарегъащІэхэмкІэ и Іэнатіэм и махуэщ**

♦**Китайм щагъэлъапІэ зэгуэкІуахэм я махуэр**

♦**1646 гъэм** Къэзакъ атаман Пожарский Семёнрэ адыгэпщ Черкасский Муцалрэ зауэлІ мини 6 зыхэт я дзэр Нурадин-Джарий и лагерым теуэри, хьэбэсабзу зэтракъутащ.

♦**1803 гъэм** «Надежда» и «Нева» кхъухьэр, капитан-лейтенантэу Крузенштерн Иванрэ Лисянский Юрийрэ зи унафэщІхэр, дунейр къызэхакІуахьну ежьащ. А зекІуэр илъэсищкІэ екІуэкІащ.

♦**1833 гъэм** Черепанов зэадзэзкъуэхэу Ефимрэ Миронрэ Урысейм япэ дыдэу мафІэгу щащІащ, гъущІ гъуэгууи километри 3,5-рэ щаухуащ.

♦**1858 гъэм** инджылыз пащтыхь гуащэ Викторие Оттавэ къалэр Канадэм и щыхьэру къэпльэным теуха унафэ ищІащ.

♦**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым зауэ щытыкІэ щагъэуващ.

♦**1987 гъэм** Америкэм щыщ бзылъхугъэ, псы есынымкІэ ІэгуащІэ уяІа Кокс Линн уи фІэщ мыхъун хахуагъэрэ тегушхуэныгъэрэ къыкъуэкІащ. Градусих фІэкІа зи мыхуабагъ псым щесурэ, США-м къыщыщІадзэри, Урысейм къэсащ а цІыхубэ хахуэр. Кокс зэпиупщІащ метр 4160-рэ зи кІыхьагъ Берингов псыдзэжьпІэр - Аляскэ штатым хьыхэ Диомид ЦІыкІу хьІтІыгум къыщежьэри, Урысейм и Диомидыштхуэ хьІтІыгум нэсу ящІ къызэпрысыкІыфащ.

♦Уэрэджыьлакіуэ, СССР-м, Украинэм, Молдавием я цІыхубэ артисткэ **Ротару Софие** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Футболист, тренер цІэрыІуэ, СССР-м щыІхъ зиІэ и гъэсакІуэ, 1980 гъэм Москва щекІуэкІа XXII гъэмахуэ Олимп джэгуэхэм къэралым и командэ къыхэхам хэту жэз медаль къыщызыхьа, УФ-м и Къэрал Думэм Физкультурэмрэ спортымкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Газзаев Валерий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ киноактёр цІэрыІуэ **Духовны Дэвид** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 33-рэ, жэщым градус 23 - 25-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 8, *тхьэмахуэ*

♦**Альпинизмэм (альпинистым) и дунейпсо махуэщ**

♦**Офтальмологием и дунейпсо махуэщ**

♦**Джэдуэкм я дунейпсо махуэщ**

♦**Ухуакіуэм и махуэщ**

♦**Тыркумэн хъуэуаным и махуэщ**

♦**Швецием и Къэрал ныпым и махуэщ**

♦**Аусбург къалэм (Германие) щагъэлъапІэ мамырыгъэм и махуэр**

♦**Китай Республикэм щагъэлъапІэ Адэхэм я махуэр**

♦**1899 гъэм** США-м щыщ къэхутакІуэ Маршалл Альберт дунейм щыяпэу щІыІалъэ зэпкърилъхьащ, абы щыІэт техьэу тепльІи хуатхащ.

♦**1900 гъэм** теннис спорт лІэужьыгъуэм и саугъэт нэхъ лъапІэ дыдэр - Дэвис и Кубокыр - ягъэщащ.

♦**1924 гъэм** Москва къалэ кІуэцІым япэ автобус линэр щаутІыпщащ.

♦**1927 гъэм** Франджым хІуущІыІу щащІащ хьэм къыпкърыхьэ емынэ зыщ и хущхъуэгъуэр къызэрагъуэтар.

♦**1941 гъэм** Сталин Иосиф советыдзэхэм я командующэ нэхъыщхьэу яГъуэращ.

♦**1941 гъэм** Совет Союзым и «Ил-4» кхъухьлатитху Берлин япэу щхьэщыхьэри, лагъымхэр ирадзыхащ.

♦**1942 гъэм** ЗыхъумэжьныгъэмкІэ Налшык коммитетым унафэ щІыІащ республикэм и къалащхьэм и къыдыхьэпІэхэм быдапІэхэр щагухэну.

♦**1943 гъэм** Дзэ Плъыжьым и Іэщіхэм къахэхъуащ КВ-95 танк хьэлъэр.

♦**1949 гъэм** Страсбург (Франджы) щызэхэтащ Европэм и Советым и япэ сессиер.

♦**1955 гъэм** СССР-м къышащтащ лэжьакІуэм илъэсым къриубыдэу зы мазэкІэ зигъэпсэхунымрэ ныбжьыщІэхэр лэжьэну хуит зэращІымрэ ятеухуа хабзэхэр.

♦**1967 гъэм** Бангкок (Таиланд) къыщызэрагъэпэщащ Илъэс-КъуэкІыпІэ Азием хьыхьэ къэралхэм я зэгухьэныгъэр (АСЕАН). Абы хьыхащ Индонезиер, Малайзиер, Сингапурыр, Таиландыр, Филиппинэр, нэхъ иужьыІуэкІэ Брунейр (1984 гъэм), Вьетнамыр (1995), Лаосымрэ Мьянмэрэ (1997), Камбоджэр (1999).

♦**2008 гъэм** XXIX гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр Китайм и къалащхьэ Пекин къыщызэІуахащ. Ахэр зыщыхьэуІум и 8 - 24-хэм екІуэкІащ. Адыгэхэм икъуэкІэ тхуэмэхуащ а зэпеуэхэр - алыдж-урым бэнэкІэмкІэ абы чемпион щыхъуэуэ щытащ адыгэ щІалэ Хъущт Аслъэнбэч.

♦**2008 гъэм** Куржыр Осетие Ипщэм, республикэм щхьэхуиту зыкъэзыльытэжам, теуащ. Іэщэкіэ гуащІэу щызэпэщІэта махуиплІым цІыху мамыр минрэ ныкъуэм щІигъу щыхэкІуэдауэ щытащ Осетие Ипщэм.

♦Урысей Федерацэм и мызакъуэу, дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа нэ доктыр Іэзэ **Фёдоров Святослав** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ киноактёр, режиссёр цІэрыІуэ, «Оскар»-р тІэунейрэ, нэгъуэщІ саугъэтхэри зрата **Хоффман Дустин** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр, Кином и Унэм и унафэщІ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, «Ника» саугъэтыр зыгъэува **Гусман Юлий** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Балетмейстер **Марыщ Заур** къызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу.

♦КъэхьлъатэзекІэ-космонавт, Совет Союзым тІэунейрэ и Лыхъужь **Савицкая Светланэ** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Актёр, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист, Куржымрэ Чувашиемрэ я цІыхубэ артист **Садальский Станислав** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Кьудали Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Швейцарием щыщ теннисист, дуней псом щынэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ **Федерер Роджер** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 23 - 25-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 9, *блыщхьэ*

♦**Тхылъ фІыуэ зылъагъуэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Щалъхуа щІыналъэ щыпсэуж лъэпкъэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и дзэ щІыхьым и махуэщ - Пётр Езанэм и унафэм щІэту урыс флотыр 1714 гъэм шведхэм Гангут щІы хьэбзыпэм деж щатекІуащ.**

♦**Хьиджрэ махуэгъэпсымкІэ илъэсыщІэр къохьэ**

♦**Ухуакіуэм и махуэщ**

♦**Болгариием и Дзэ-тенджыз флотым и махуэщ**

♦**Канадэм щагъэлъапІэ мамырщІэкъуэм я махуэр**

♦**США-м и мэзхэр мафІэсым щыхъумэным и лъэпкъ махуэщ**

♦**Тыркумэным щагъэкІа хъэуаным и махуэщ**

♦**Японием ягу къыщагъэкІыж Нагасаки къалэм атом лагъым щыщрадзыхам хэкІуэдахэр**. 1945 гъэм Японием и Нагасаки къалэм США-м и кхъухьлатэм атомнэ бомбэ щридзыхащ. Абы цІыху мин 74-рэ зэкІуэдауэ, къалэм щыщ Іыхьэшхуэ зэтракъутауэ щытащ.

♦**1173 гъэм** Пизэ къалэм (Италие) ухуэн щыщІадзащ чэщанэ. Ар дуней псом цІэрыІуэ щызыщІар лъэныкъуэкІэ ещІауэ зэрыщытырщ, 1173 - 1250 гъэхэм ищхьэрэкІэ, 1272 - 1997 гъэхэм ипщэкІэ ещІащ. А чэщанэр дунейм и щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэм яхибжащ ЮНЕСКО-м.

♦**1859 гъэм** Америкэм щыщ Эймс Натан эскалатор къызэригупсысам щыхьэт техьэу тхылъ къратащ.

♦**1940 гъэм** Берлин - Багдад гъущІ гъуэгур ухуэн яухащ.

♦**1942 гъэм** блокадэм и Ленинград къалэм щагъэзэщІат Шостакович Дмитрий и «Ебланэ симфониер».

♦**1945 гъэм** СССР-м Японием зауэ ирищІылІащ, и дзэхэр Маньчжурием иришэрэ.

♦**1965 гъэм** Сингапурыр Малайзием къыхэкІри, къэрал щхьэхуэ хъуащ.

♦**1990 гъэм** Карельскэ АССР-м и къэрал суверенитетым теухуа унафэр къащтащ. 1991 гъэм къыщыщІэдзауэ ар УФ-м щыщ Карелие Республикэщ.

♦**1990 гъэм** «Эхо Москвы» радиостанцым лэжьэн щІидзащ.

♦**1992 гъэм** Барселонэ (Испание) щызэхуащІыжащ XXV гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр.

♦Кавказым и археолог, археограф **Берже Адольф** къызэралъхурэ илъэси 193-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыьлакіуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Гуляев Юрий** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Совет журналист цІэрыІуэ, тхакІуэ, политолог, 1991 - 1997 гъэхэм СССР-м и лІыкІуэу Израилым щыІа **Бовин Александр** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Политик, Украинэм и етІуанэ президенту щыта (1994 - 2005 гъэхэм) **Кучмэ Леонид** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ уэрэджыьлакіуэ, актрисэ **Хьюстон Уитни** къызэралъхурэ илъэс 58-рэ ирокъу. Ар саугъэт, дамыгъэ лъапІэу нэхъыбэ дыдэ зыхуэгъэхуауа артисткэ - апхуэдэу абы 400-м щІигъу иІэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Нэхъыжьыр гъэлъапІи, уи щхьэр лъапІэ хъунщ.

ЩІАЛЭГЪУЭ

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар БАГЪЭТЫР Луизэщ

● Жэрдэм зыхэлъхэр

КъэбэрдеймкІэ и гур щыІэу

Сэрэхъэ Алан илъэс 11-кІэ Москва къалэм щыпсоуащ, технологие Іэхэущіапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм щылэжьащ, и щІэныгъэм APPLE, HP, DELL, NETAPP, CISCO, ADOBE, COREL компаниехэм щыхигъэхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжа нэужь, сабийхэм пасэу зыщрагъэужь, «Я сам» зыфІища Іуэхущіапіэр къызэІуихри, игъэлэжьащ илъэситкІэ. 2018 гъэм къыщыщІэдзауэ 2020 гъэ пщІондэ Сэрэхъэр «Черкесский ренессанс» щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІу щытащ. Иджыпсту ар КъБР-м «Шынагъуэншэ республикэ» и къэрал Іэхэущіапіэм и лэжьакІуэщ, республикэм и «Гронасс» РНИЦ-м и унафэщІщ.

- КъЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ сыкъэкІыжыныр зы махуэ гуэрым нэху сыкъэкІыу асыхьэту си щхьэм кІыжьа Іэхэутэкъым. Москва илъэси 8 хуэдэкІэ сыщлэжьа нэужьщ республикэм сыкъэкІуэжыну сызэрыхуейм сегупсысу сыщыІэздзар, - жеІэ Алан. - Ауэ «дэнэ сыщылэжьэнур?» упщІэм сыкъыззэтригъэувыІэжырт. Ауэрэ унагъуэ сыхъужащ икІи сабий дгъуэта нэужь, нэхъ кууэ сегупсыс хъуащ а Іуэхум. ИкІэм-икІэжьм, сабийр щІыкІу щІыкІэ дыкъэкІуэжыным тезухуащ, ныбжьыщІэхэм пасэу зыщрагъэужь центр къызэІухыныр си мураду. ЕтІуанэ сабийр къыщытхэхъуэм, ар махуэ 40 зэрыхъуу, кхъухьлъатэм дыкъитІысхьэри дыкъэлъэтэжащ. Ар щІыжьисІэращи, дыкъыщалъхуа Хэкум дыкъыщІэкІуэжар псом япэу сабийхэращ, ахэр зыщыщ лъэпкъым хэсмэ, я бзэрэ я хабзэрэ ящІэжу къэхъумэ нэхъ тфІэфІу аращ. Абыи къыщымынэу, Москва къалэщхуэм елъытауэ, узэрыбауэ хьэуа къудейр ди лъэхэм нэхъ щыкъабзэщ, ерыскъыхэкІхэми нэхъ къэуат ящІэльщ. А псор зэхэслъхьэжри, щІыблэр уи унэжь къыщыхъуныр зэрынэхапэр къызгурыІуащ.

Алан, зэрыжьтІащи, фІэгъэщІэгъуэну щолажьэ КъБР-м «Шынагъуэншэ республикэ» и къэрал Іэхэущіапіэм. Къэрал транспортхэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщу школ автобусхэм, дзІэпэкъуэгъу псынщІэм, мафІэсгъэункІыфІ Іэнатіэм я машинэхэм кІэлъэолль, бжьыгэ зыужьныныгъэр ирагъэфІакІуэ. ІэщіагъэлІхэм абдеж цІыхухэм яхуэщъхьэпэну, я Іэхэухэр ядзэыгъэпсынщІэну сервисыщІэхэр къыщагупсыс, псалъэм папщІэ, абыхэм ящыщ зыщ «яндекс транспортым» и Іэхэутхэбзэхэр илъэсым и кІэ пщІондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыізэтрауухэну зэрамурадыр. «ЦІыхухэм сэбэп дазэрыхуэхъун лэжьыгъащ дызыпэрытыр. Абы къыхэкІыу щІыналъэхэр, къэралгъэмэ, сыдиудыхэхыу согъэзащІэ, щІэ гуэрхэр ГъащІэм зэрыхэтпщэмки иужь дитщ», - жеІэ Сэрэхъэм.

ЩІалэм и зэфІэкІыр «Шынагъуэншэ республикэ» Іэхэущіапіэм къызэрыщысэбэпыр и фІыгъэу жьпІэ хъуну къыщІэкІынщ ЕгъэджэныгъэмкІэ Москва академием и юридическэ факультетым щІэныгъэ зэрыщыізэригъэУэтамрэ менеджеру лэжьэн щидзэу, къалэшхуэм ІТ технологиехэм хэпщІауэ зэрыщылэжьамрэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Сэрэхъэ Алан жылагъуэ Іэхэухэми жьджэру зэрыхэтыр, псом хуэмыдэу «Черкесский ренессанс» щІыналъэ зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщ лэжьыгъэм и гуащІэ зэрыхилъхьэр. ИлъэсипщІ хъуауэ Іэхэу щхьэпэ къэщхьэзыгъэпэщ зэгухьэныгъэм, зэрыжьтІауэ, и унафэщІуи лэжьэну хунэсащ ар. Фигу къэдгъэкІыжьинщи, Іэхэущіапіэр япэ илъэсипІым щІалэгъуалэм я зэхьэкъэпІэ хуэдэу лэжьауэ арат, иужькІэ абы и кІалэнхэми зиубгъуауэ, республикэм хабзэм тету щылажьэ зэгухьэныгъэ хьуащ.

- КъБР-м Граждан жылагъуэ Іэхэущіапіэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ ІэхэухэмкІэ, ЦІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІэхэухэмкІэ и министерствэхэмдадолажьэ. Дызыдэлажьэр щІалэгъуалэращи, нэхъыщхьэу зытедгъащІэри абыхэм щІэныгъэ зэредгъэгъэзэтынымрэ зэрызаужьнымрэщ. Псом хуэмыдэу егъэджэныгъэ, псапэ зыпылъ Іэхэухэр кьызэрыздгъэпэщыным дыхущІокъу, - дыкеГъэгъуаэз Сэрахъэм.

Иужьрейуэ зэгухьэныгъэм иригъэкІуэкІа Іэхэухэм ящыщщ анэдзлъхубзэмкІэ ныбжьыщІэхэм я зэпеуэ къызэрыізэрагъэпэщащэр. Аргудан къуажэ школым япэу щрагъэкІуэкІа а зэхьэзэхуэр апхуэдизкІэ псомкІэ гум дыхьати, щІыналъэ мыхьэнэ игъэтри, Къэбэрдей-Балъкъэр псор кьызэщІрагъэубыдащ. Уеблэмэ, абдежи къыщымынэу, Іэхэум къыхашащ Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей республикэхэри. Зэхьэзэхуэм и кІэуэ Іыхьэр мы гъэм ягъэІэпхъуэн хуей хъуащ коронавирусым зыбгъэн зэрыщІидзэжам и зэранкІэ, икІи щогугъ бжьыкъэм ар ирагъэкІуэкІыну.

- «Черкесский ренессанс» зэгухьэныгъэм телефоным требгъатхэ хъууэ гуэдзэнхэр зэхигъэуващ, «Я благодарю», «Псапэ» фІэщыгъэхэр яІэу. «Псапэ» гуэдзэныр зытещІыхьар дэІэпыкъуэгъу хузныкъуэ цІыхухэм защІэзыгъэкъуэну хуейхэм абдеж ахъшэ щызэхуахьэс хъуну аращ, - жеІэ Сэрахъэм. - Нобэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, сабийхэм щхьэкІэ ахъшэ зэхуэдхьэс жаІэу, цІыхухэр къэзыгъаІэлІэхэр куэд дыдэ хъуащ. Дэ ди зэгухьэныгъэм зэхуихьэс мылъкыр зыхуэдизымрэ ар къызэрагъэсэбэпамрэ щынэрылъагъущ ди гуэдзэным. А Іуэхур КъБР-м ЮстицэмкІэ, Къэрал кІуэцІ ІэхэухэмкІэ и министерствэхэм я нэІэм щІэту ёокІуэкІ. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ, шынагъуэншагъэмкІи цІыхухэм я дзыхь къыдагъэзыныкІи. КъищынэмыщІауэ, къурмэным, нэщІикІыж махуэшхуэхэм дежи псапэ дощІэ: Іэщ, мэп доукІ, нэхъ хуэмыщІаХэм яхудогуэш. 2020 гъэм коронавирусым зыщиубгъуа пІалъэм къриубыдэу, зэгухьэныгъэм ерыскъыхэкІхэр зэрылъ пакет миниым нэс игуэшащ. Ар къыхэкІащ зэгухьэныгъэм зэпымыууэ зыкъыщІэзыгъакъуэхэм я ахъшэм. «Я благодарю» гуэдзэныр теуэхуащ цІыху щхьэхуэм е сабий гуэрым и узыншагъэр иригъэфІэкІуэжкІи папщІэ зыхуэныкъуэхэр мылъкыр зэхуэхьэсыным. Иджыри мыпхуэдизэ мурад куэд диІэщ, ауэ зэкІэ коронавирусыр зэран мэхъу, - жеІэ Алан.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

ІЭПЩЭ Алим:

Италием и щыІэкІэ-псэукІэм ухуегъэпабгъэ гъуазджэм

Зи гугъу фхуэтщІыну щІалэм иджы япэу дытетхыхьу аращ, ауэ биографие купщІафІэ иІэщ, уеблэмэ Италием къыщыдэкІ «La Stampa» газетым и напэкІуэцІхэм и цІэр тетыну хунэсащ. Іэпщэ Алим КъБР-м и Музыкэ театрым уэрэд щыжеІэ, баритонщ. Ар фІыуэ ялъэгъуащ игъэзащІэ лэжьыгъэхэм гури псэри зэрыхилъхьэм щхьэкІэ. Абыхэм ящыщщ Фигаро (Моцарт Вольфганг Амадей и «Свадьба Фигаро» оперэм), Тонио (Леонкавалло Руджеро - «Паяцы»), Микеле (Пуччини-Джакомо - «Плащ»), Старый цыган (Рахманинов Сергей - «Алеко»), Жермон (Верди Джузеппе - «Травиата»), Эбн-Хакиа (Чайковский Пётр - «Иоланта»), Томский (Чайковский Пётр - «Пиковая дама») партиехэр.

● Щэнхабзэ

ДЖЭРМЭНШЫК къуажэм къыщыхьуа щІалэм КъБКъУ-м Филологиемкіэ и институтыр 2009 гъэм къиуэащ. 2012 - 2015 гъэхэм Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэкэмкіэ и къэрал институтым щеджащ, 2015 - 2018 гъэхэм и щІэныгъэм щыпщащ Глинкэ и цІэр зезыхьэ, Новгород Ищхьэрэ дэт къэрал консерваторэм - Урысейм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, профессор Лившина Светланэ и деж.

2017 гъэм «ЩІалэгъуалэ оперэ студие» Іэхэум хыхьэу, Іэпщэ Алим Ростроповичи Мстислав и цІэр зэрихьэу Новгород Ищхьэрэм дэт филармониеи и симфоние оркестрым и гъусэу Пуччини Джакомо и «Плащ» оперэм Микеле и партиер щигъэзэщІауэ щытащ. А гъэ дыдэм и щэкІуэгъуэм ар хэтащ «Новая опера» Москва театрым и концертмейстер пажэ, Урысейм щІыхь зиІэ и артистко Маргулис Анна и мастер-классхэм. Абдеж Алим франджы макъамэхэм нэхъ кууэ зыщыхигъэгъуэзащ икІи франджыбзэкІэ уэрэд зэрыжьаІэм и щэхуэгэ зригъэщІащ. Апхуэдэу абы къехъулІащ, псалъэм папщІэ, Гуно Шарль и «Фаust» оперэм хэт Валентин и каватинэр.

КъыкІэльыкІуэу ар хэтащ нэгъуэщІ мастер-классхэми: Мариинскэ театрым и концертмейстер, Урысейм щІыхь зиІэ и артисткэ Соболевэ Иринэ иригъэкІуэкІами, РСФР-м и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал премиэтым зыхуагъэфащэ Лейферкус Сергей къызэригъэпэщами.

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м Глинкэм и цІэр зэрихьэу Новгород Ищхьэрэ дэт къэрал консерваторэм и опер студием Іэпщэм щигъэзэщІащ Леонкаваллэм и «Паяцы» лэжьыгъэм хэт Тонио и партиер.

А илъэс дыдэм Уфа къалэм Шаляпиным и щыхькІэ щызэхэта етІуанэ дунейпсо зэхьэзэхуэм Іэпщэр дипломант щыхъуащ, 2018 - 2019 гъэхэм Темыркъан Юрий и щыхькІэ Налшык къалэм щекІуэкІа дунейпсо фестивалэхэми зыкъыщигъэлъэгъуащ.

2019 гъэм щІыщылэм и 23-м Іэпщэ Алим Италием щыІэ OLTREILTEATRO MANAGEMENT дунейпсо агентствэм иригъэблагъауэ щытащ Империя къалэм (Италие) щекІуэкІыну мастер-классхэм икІи мэлыжьыхьым и 9-м къыщыщІэдзауэ 17 пщІондэ ар хэтащ Империе, Монте-Карло (Монако) къалэхэм къыщызэрагъэпэща концертхэм. Бадзэуэгъуэм и 22-м Италием нэгъуэщІ и зы къалэми, Себорга, Іэпщэм уэрэд щигъэзэщІащ.

2019 гъэм Алим ягъэкІуаэу щытащ Театр Иным щекІуэкІ «New Opera World» гъэмахуэ оперэ-симфоние лабораторэм хэтыну. Покровскэм и цІэр зезыхьэ камернэ утыкум абы щигъэзэщІащ «Иоланта» оперэм хэт Эбн-Хакиа партиер. Ардыдэр абы утыку къыщырихьащ Рязань къэлэм щекІуэкІа, Урысей къалэжьхэм я дунейпсо фестивалым.

2019 гъэм уэрэджьІакІуэм къыхуихуащ Чайковскэм, Рахманиновым, Римский-Корсаковым я романсхэр Ниццэ (Франджы) Эффруси де Ротшильд и виллэм, щекІуэкІа концертым щигъэзэщІну.

2020 гъэм и щэкІуэгъуэм ар пашэ щыхъуащ Гроснэ къалэм Магомаев Муслим и фэеплъу щызэхэта фестиваль-зэпеуэми.

2021 гъэм гъатхэпэм и 24 - 25-хэм абы Баронрэ Жермонрэ я партиехэр КъБР-м и къэрал Музыкэ театрым и утыку къриихащ.

Зэрытлъагъущи, Іэпщэ Алим зыІэригъэхьа ехъулІэныгъэхэр мащІэкъым икІи ахэр щыхьэт тохъуэ щІалэм и зэфІэкІым, ар и лэжьыгъэм зэрегугъу. Ауэ и Іуэху еплъыкІэхэри зыхуэдизэ гъэпсыгъэ тфІэгъэщІэгъуэну абы упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ, ди гуапэщ къыджриІахэм фыщыдгъэгъуэзэну.

- Алим, школ нэужьым псом япэу филолог ІэщІагъэрщ зэбгъэгъуэтар. Уэрэд зэрыжьпІэнур хьэкъыу къыщыбгурыІуар сыт щыгъуэ?

- Нэхъ итэкІэ музыкэр къысфІэмыІуэхущ хуэдэу щытащ. КъБКъУ-м Филологиемкіэ и институтыр къэзуха нэужь, уеблэмэ бухгалтериу седжжьыну си гуращэу Кооперацэмкіэ, экономикэмрэ правэмкІэ Белгород университетым Налшык къалэм щиІэ къудамэм сыщІэтІысхьэжауэ щытащ. Музыкэм си гъащІэр еспхьну сигу къэмыкІыхьэми, абдеж ириихьэлІэу оперэм мащІэу сыдихьэхат. Ауэ, сэ езым згъэщІагъэужу, псори зэрыхъун хуейм хуэдэу зэхуэхъуащ. 2008 гъэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм сыльтатэрт. Уэгум сыхьэт бжыгъэкІкІэ дитыну къысІэпщІылът. Къхъулъатэм Іэмал щыдиІэт фильм деплъыну е узыхуей макъамэр тебухуэу тхъэкІумэІуЛъкІэ уеДэІуэну. Си пащхьэм къит экраным сеплъри, Паваротти Лучано и цІэр къэслъагъэущ икІи седэІуэну мурад сщІащ. КъыкІэлъыкІуа сыхьэт 12-м къытезгъэзэжуэр седэІуащ абы игъэзащІэ арие нэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм ящыщу 20-м нэбгырагъэм...

США-м сыкъыкІыжри, оперэм сыдиихьэпащ. А гуазджэм щыцІэрыІуэ артистхэмрэ композиторхэмрэ къэслъыхьуэурэ седаІуэрт, зэзгъапщэрт, сэри абыхэм ещхьу зыгуэрэр згъэзэщІну сыпылът. Ауэ нотэ лъагэхэм сыщынэсым, си мурадрэ псори лъэлъэжырт. КъызэрыщІэкІамкІэ, си макъыр баритонт, тенор макъамэхэм сащыпэмылъэщІри арат. Ауэ абы щыгъуэм а псом хэсщыкІыртэкъыми, а Іэщіагъэм си пхъэ къызэрыщымыкІыным сегупсысырт. Арщхьэкіэ зэманыр кІуэхукІэ, уэрэд жьысІэну сызэрыщІэхъуэпсми хэхъуэрт.

2011 гъэм Налшык къалэм концерт щитыну къэкІуащ Образцовэ Еленэ. Абы семыплъынкІэ Іэмал иІэтэкъым. Концертыр зытехуа махуэ, мазэ, илъэс бжыгъэ ми зы къару гуэр хэслъагъэрт - 11.11.11. ЗыщызмэгъэнщІу уэрэджьІакІуэ цІэрыІуэм седэІуэщІ концерт псом. Абы и ужькІэ нэхъ мыхъуми сеплъыжьын хуейтэкъэ си зэфІэкІкІэ здынэсынум?! Чэнджэщ къызатащ КъБР-м щыіхь зиІэ и артист КъуайцІыкіу Валерий деж сыкІуэну. Пэжыр жьІэнщи, сыцкІытэрт, си ныбжьыр илъэс 24-м нэсауэ ІэщІагъэ щІэрыщІэу зэрызэгъэгъуэтыным и ужь сызэрихьам щхьэкІэ. Сигу къэкІыжырт апхуэдэ дыдэу фут-бол джэгуным гуваэр, илъэс 15 сыхьауэ, щІэздзауэ зэрыщытар (адрей сабийхэр абы иІэситхуэкъм хьыхэмэ) икІи абы зыри къызэрымыкІар. Си Іуэхур абы егъэщхьырти, уэрэд жьІэнми сыкъыкІэрыхьауэ къысщыхьырт.

КъуайцІыкіу Валерий зыхузгъэзэну сыздэкІуэм, къызжиІэнури арати, си гугъэт. Арщхьэкіэ, сызэримыгугъауи, абы къызжиІащ Іэмал имыІэу си макъым сепэжьын, уэрэд жьІэнным ар хуэзгъэхьэзырын зэрыхуейр.

КъуайцІыкіу Валерий къыздэлажьэурэ еджапІэ щІэтІысхьэгъуэ къэблагъащ. Унафэ гуэрым сыкъытеуведІын хуейт: «Илъэс 25-рэ сыхьауащ, - жьІэрт, икІи, дызэрихьаззу, адэкІэ сызэгъэсысхьэр еджэныр зэ сухьу, унагъуэ сщІын зэрыхуейрт. Арщхьэкіэ си хъуэпсапІэр сфІытекІуэри, Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэхэмкіэ и къэрал институтым сыщІэтІысхьащ. Абы илъэситкІэ сыщеджэри, Глинкэ и цІэр зезыхьэ, Новгород Ищхьэрэ дэт къэрал консерваторэм зезгъэдзэжащ. Ар къэзухащ 2018 гъэм.

- Сыт хуэдэ лэжьыгъэкІэ утыку укъихьа?

- Консерваторэм и еплІанэ курсым сыщІэсу Пучинни Джакомо и «Плащ» оперэр дгъэуват, абы сэ роль нэхъыщхьэр - Микеле и партиер - щызгъэзащІэу. А оперэр фІыуэ сльагъурти, си насып кърихьэкІауэ къызэлъытэ еплІанэ курсым сыщІэсу ар згъэзэщІэну Іэмал сызэриІар. Спектаклыр щыдгъэуват Ростроповичи Мстислав и цІэр зэрихьэу Новгород Ищхьэрэм дэт филармониеи.

- НэхъыфІу плъагъу партиехэр уиІэ?

- УэрэджьІакІуэхэм а упщІэм зэщхьу жэуап ират хабзэщ, «иджыпсту сызэлэжьырщ», - жьІуаІэу. Ауэ, сиІэщ, дауи, сэ згъэзэщІэну сфІэфІ партиехэр. Ахэр, зэрыхабзэу, композитор хэхахэм епхащи, си дежкІэ нэхъ тыншыр абыхэм я щІэкъисІуэнырщ. Зы баритон уэрэджьІакІуэ щыІэу си фІэщ хъуркъым Верди Джузеппе фІыуэ имыльагъуу. Си хъуэпсапІэщ а композиторым и партие псори жьІэну. Абыхэм ящыщу кьызэзгъэщынут: Риголетто («Риголетто»), Ди Луна («Трубадур»), Дон Карло («Эрнани»), Дон Карлос («Сила судьбы»), Амонасро («Аидэ»), Яго («Отелло») партиехэр. Апхуэдэуи сыхуейт Пуччини Джакомо и «Тоска» оперэм Скарпие и партиер щызгъэзэщІэну. Пцы хэмылъу, сфІэфІщ Чайковскэм и «Евгений Онегин», «Пиковая дама», «Иоланта» лэжьыгъэхэри. СыщІохъуэнэ зэгуэр Вагнер Рихард и Іэдакъэщ Іэкіхэм щыщи згъэзэщІэну. Ауэ абы ейхэр нэхъ балигъ лэжьыгъэу къызолъытэри, иужькІэщ.

- Оперэ уэрэджьІакІуэхэм узыдэплъей, щапхъэ пхуэхъу гуэркэр яхэт, Алим?

- Пэжкір жьыСІэнщи, апхуэдэхэр куэд мэхъу. Ауэ нэхъыббэу ахэр XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэмрэ икуэмрэ хиубыдахэращ. Баритонуи и дежкІэ куэд жьзыІэ цІэхэм ящыщщ Руффо Титтэ, Бастианини Этторе, Меррилл Роберт, Протти Альдо, Бекки Джино сымэ. КъыщынэмыщІауэ, къыхэзгъэщынут Карузо Энрико, Монако Дедь Марио, Корелли Франко сыми. Апхуэдэуи бзылъхугъэхэм ящыщу кьызхэзмыгъэщу слъэкІынукъым оперэм и гуащэ Каллас Марие, Нильсен Биргит, Димитровэ Генэ, Прайс Леонтинэ. Мыпхуэдэ цІыху цІэрыІуэхэм иджыри пщІы бжьыгъэ кьапьбгъэувэфынущ, къапщтэмэ.

- Лъэпкъ уэрэдхэм дауэ уахущыт?

- Лъэпкъ уэрэдхэм щыщ гуэркэри згъэзэщІэфыну къыщІэкІынт, хэт ищІэрэ, мыгувэу жьыСІэнкІи хъунщ. Ауэ, абы сызэрелъращи, нобэ дызэрыгушхэнщи, лъэпкъ уэрэдхэр зыгъэзэщІэн диІэщ куэду. Абы къыхэкІыу кууэ а Іуэхум зыдезгъэхьэхьыну сыхуейтэкъым. Хъапщтэмэ, мы гъэм КъБР-м и Музыкэ театрым и лэжьыгъэр къызэІуихьажмэ, Молэ Владимир «Къамботрэ Лацэрэ» и оперэм елэжьын щІыддзэнущ. Апхуэдэуи щыкІыспту зы уэрэд сиІэщ анэдэлъхубзэкІэ селэжьуи, къызэхъулІэмэ, зэман гъунэгъум зыщІыпІэ щызгъэзэщІэнкІи хъунщ.

- Оперэм и хэкуу къалъытэ Италием ущыІащ. Уи лэжьыгъэм ар зыгуэркІэ сэбэп хуэхъуауэ къыпщыхьурэ?

- Италием и къалэ зыбжанэм уэрэд щыжьаІащ, Себорга пщы къэралыгъэри яхэту. Псом япэу цІыхухэр гуапэу къызэрытІущІар си гум къинэжащ. Италием езым и щыІэкІэ-псэукІэм ухуегъэпабгъэ гъуазджэм, щэнхабзэм ухэтыну. Абы зыкъызэрыщызгъэзэльэгъуамрэ къызэрыщысІущІамрэ тызэщІыхьэри, гъэзугуэ зыгъэхьамкІэ сыщымыуауэ къысщохъу. Зыгъэлъэгъуа е гъунапкъэхэр къызэІуахьжмэ, сыщогугъ адэкІи Европэм зыкъыщызгъэлъэгъуэным пысщэну.

- Уи мурадхэр къохъулІэну ди гуапэщ, Алим.

Епсэлъар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

● Жэрдэм зыхэлъхэр

Къэбэрдеймкіэ и гур щыІэу

Сэрэхъэ Алан илъэс 11-кІэ Москва къалэм щыпсоуащ, технологие Іэхэущіапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм щылэжьащ, и щІэныгъэм APPLE, HP, DELL, NETAPP, CISCO, ADOBE, COREL компаниехэм щыхигъэхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжа нэужь, сабийхэм пасэу зыщрагъэужь, «Я сам» зыфІища Іэхэущіапіэр къызэІуихри, игъэлэжьащ илъэситкІэ. 2018 гъэм къыщыщІэдзауэ 2020 гъэ пщІондэ Сэрэхъэр «Черкесский ренессанс» щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІу щытащ. Иджыпсту ар КъБР-м «Шынагъуэншэ республикэ» и къэрал Іэхэущіапіэм и лэжьакІуэщ, республикэм и «Гронасс» РНИЦ-м и унафэщІщ.

- КъЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ сыкъэкІыжыныр зы махуэ гуэрым нэху сыкъэкІыу асыхьэту си щхьэм кІыжьа Іэхэутэкъым. Москва илъэси 8 хуэдэкІэ сыщлэжьа нэужьщ республикэм сыкъэкІуэжыну сызэрыхуейм сегупсысу сыщыІэздзар, - жеІэ Алан. - Ауэ «дэнэ сыщылэжьэнур?» упщІэм сыкъыззэтригъэувыІэжырт. Ауэрэ унагъуэ схъужащ икІи сабий дгъуэта нэужь, нэхъ кууэ сегупсыс хъуащ а Іуэхум. ИкІэм-икІэжьм, сабийр щІыкІу щІыкІэ дыкъэкІуэжыным тезухуащ, ныбжьыщІэхэм пасэу зыщрагъэужь центр къызэІухыныр си мураду. ЕтІуанэ сабийр къыщытхэхъуэм, ар махуэ 40 зэрыхъуу, кхъухьлъатэм дыкъитІысхьэри дыкъэлъэтэжащ. Ар щІыжьисІэращи, дыкъыщалъхуа Хэкум дыкъыщІэкІуэжар псом япэу сабийхэращ, ахэр зыщыщ лъэпкъым хэсмэ, я бзэрэ я хабзэрэ ящІэжу къэхъумэ нэхъ тфІэфІу аращ. Абыи къыщымынэу, Москва къалэщхуэм елъытауэ, узэрыбауэ хьэуа къудейр ди лъэхэм нэхъ щыкъабзэщ, ерыскъыхэкІхэми нэхъ къэуат ящІэльщ. А псор зэхэслъхьэжри, щІыблэр уи унэжь къыщыхъуныр зэрынэхапэр къызгурыІуащ.

Алан, зэрыжьтІащи, фІэгъэщІэгъуэну щолажьэ КъБР-м «Шынагъуэншэ республикэ» и къэрал Іэхэущіапіэм. Къэрал транспортхэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщу школ автобусхэм, дзІэпэкъуэгъу псынщІэм, мафІэсгъэункІыфІ Іэнатіэм я машинэхэм кІэлъэолль, бжьыгэ зыужьныныгъэр ирагъэфІакІуэ. ІэщіагъэлІхэм абдеж цІыхухэм яхуэщъхьэпэну, я Іэхэухэр ядзэыгъэпсынщІэну сервисыщІэхэр къыщагупсыс, псалъэм папщІэ, абыхэм ящыщ зыщ «яндекс транспортым» и Іэхэутхэбзэхэр илъэсым и кІэ пщІондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэтрауухэну зэрамурадыр. «ЦІыхухэм сэбэп дазэрыхуэхъун лэжьыгъащ дызыпэрытыр. Абы къыхэкІыу щІыналъэхэр, къэралгъэмэ, сыдиудыхэхыу согъэзащІэ, щІэ гуэрхэр ГъащІэм зэрыхэтпщэмки иужь дитщ», - жеІэ Сэрахъэм.

ЩІалэм и зэфІэкІыр «Шынагъуэншэ республикэ» Іэхэущіапіэм къызэрыщысэбэпыр и фІыгъэу жьпІэ хъуну къыщІэкІынщ Егъэджэныгъэмкіэ Москва академием и юридическэ факультетым щІэныгъэ зэрыщыізэригъэУэтамрэ менеджеру лэжьэн щидзэу, къалэшхуэм ІТ технологиехэм хэпщІауэ зэрыщылэжьамрэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Сэрахъэ Алан жылагъуэ Іэхэухэми жьджэру зэрыхэтыр, псом хуэмыдэу «Черкесский ренессанс» щІыналъэ зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщ лэжьыгъэм и гуащІэ зэрыхилъхьэр. ИлъэсипщІ хъуауэ Іэхэу щхьэпэ къэщхьэзыгъэпэщ зэгухьэныгъэм, зэрыжьтІауэ, и унафэщІуи лэжьэну хунэсащ ар. Фигу къэдгъэкІыжьинщи, Іэхэущіапіэр япэ илъэсипІым щІалэгъуалэм я зэхьэкъэпІэ хуэдэу лэжьауэ арат, иужькІэ абы и кІалэнхэми зиубгъуауэ, республикэм хабзэм тету щылажьэ зэгухьэныгъэ хьуащ.

- КъБР-м Граждан жылагъуэ Іэхэущіапіэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іэхэухэмкіэ, Цыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхэухэмкіэ и министерствэхэмдадолажьэ. Дызыдэлажьэр щІалэгъуалэращи, нэхъыщхьэу зытедгъащІэри абыхэм щІэныгъэ зэредгъэгъэзэтынымрэ зэрызаужьнымрэщ. Псом хуэмыдэу егъэджэныгъэ, псапэ зыпылъ Іэхэухэр кьызэрыздгъэпэщыным дыхущІокъу, - дыкеГъэгъуаэз Сэрахъэм.

Иужьрейуэ зэгухьэныгъэм иригъэкІуэкІа Іэхэухэм ящыщщ анэдзлъхубзэмкіэ ныбжьыщІэхэм я зэпеуэ къызэрызэрагъэпэщащэр. Аргудан къуажэ школым япэу щрагъэкІуэкІа а зэхьэзэхуэр апхуэдизкІэ псомкІэ гум дыхьати, щІыналъэ мыхьэнэ игъэтри, Къэбэрдей-Балъкъэр псор кьызэщІрагъэубыдащ. Уеблэмэ, абдежи къыщымынэу, Іэхэум къыхашащ Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей республикэхэри. Зэхьэзэхуэм и кІэуэ Іыхьэр мы гъэм ягъэІэпхъуэн хуей хъуащ коронавирусым зыбгъэн зэрыщІидзэжам и зэранкІэ, икІи щогугъ бжьыкъэм ар ирагъэкІуэкІыну.

- «Черкесский ренессанс» зэгухьэныгъэм телефоным требгъатхэ хъууэ гуэдзэнхэр зэхигъэуващ, «Я благодарю», «Псапэ» фІэщыгъэхэр яІэу. «Псапэ» гуэдзэныр зытещІыхьар дэІэпыкъуэгъу хузныкъуэ цІыхухэм защІэзыгъэкъуэну хуейхэм абдеж ахъшэ щызэхуахьэс хъуну аращ, - жеІэ Сэрахъэм. - Нобэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, сабийхэм щхьэкІэ ахъшэ зэхуэдхьэс жаІэу, цІыхухэр къэзыгъаІэлІэхэр куэд дыдэ хъуащ. Дэ ди зэгухьэныгъэм зэхуихьэс мылъкыр зыхуэдизымрэ ар къызэрагъэсэбэпамрэ щынэрылъагъущ ди гуэдзэным. А Іуэхур КъБР-м Юстицэмкіэ, Къэрал кІуэцІ Іэхэухэмкіэ и министерствэхэм я нэІэм щІэту ёокІуэкІ. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ, шынагъуэншагъэмкІи цІыхухэм я дзыхь къыдагъэзыныкІи. КъищынэмыщІауэ, къурмэным, нэщІикІыж махуэшхуэхэм дежи псапэ дощІэ: Іэщ, мэп доукІ, нэхъ хуэмыщІаХэм яхудогуэш. 2020 гъэм коронавирусым зыщиубгъуа пІалъэм къриубыдэу, зэгухьэныгъэм ерыскъыхэкІхэр зэрылъ пакет миниым нэс игуэшащ. Ар къыхэкІащ зэгухьэныгъэм зэпымыууэ зыкъыщІэзыгъакъуэхэм я ахъшэм. «Я благодарю» гуэдзэныр теуэхуащ цІыху щхьэхуэм е сабий гуэрым и узыншагъэр иригъэфІэкІуэжкІи папщІэ зыхуэныкъуэхэр мылъкыр зэхуэхьэсыным. Иджыри мыпхуэдизэ мурад куэд диІэщ, ауэ зэкІэ коронавирусыр зэран мэхъу, - жеІэ Алан.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● Іэщіагъэхэр

Куэд зыхуэзэфІэкІыну узыщыгугъхэр

Шыпш Жаннэ къиухащ Налшык къалэм дэт гимназие №29-р. Иужькіэ ар Ипщэ федеральнэ университетым, Архитектурэмрэ щыізадзкэхэмкіэ академием (Ростов къалэм) щеджащ, архитектор Іэщіагъэ зригъэгъуэтащ. Жаннэ и диплом лэжьыгъэр зытриуухауэ щытар къат куэду зэтет унэм и проектыр. Ар къыхахауэ щытащ Дон Іуфэ Іус Ростов къыщыізэрагъэпэща выставкэм щагъэлъэгъуэну.

- ІУЭХУЩІАПІЭМ и проектым сыщелэжьым къалэн зэхъуэжьу зыхуэзгъэзэувыжар пэш кІуэцІхэр зэгъэзэхуауэ къызэгъэпэщыным и зэкъуэгъэкъым, атІэ гупьытащхуэ хуэсщІат япэ къатищыр зыми емыщхь сабийхэм зыщрагъэужь Іэхэущіапіэу къызэрагъэсэбэпыфынум, - жеІэ Жаннэ.

Лэжьыгъэмкіэ хъыджэбзым и мурадащ зи зыужьнныгъэм нэкъыцанныгъэ иІэ сабийхэм гупьытэ нэхъыббэ хуащІынным цІыхубэр къыхуриджэну. ЕджапІэ нэхъыщхьэр къиуха нэужь, Шыпш Жаннэ и щІэныгъэм щыпищащ Прагэ дэт Техникэ университетым и магистратурэм. Щеджэ зэманым ар Дубай стажировкэ ягъэкІуащ икІи и япэ проектыр зытриуухуар хьэхэмрэ джэдухэмрэ пащІэ хьэщІэщым и проектырщ. КъыкІэлъыкІуэ иІэситхум Жаннэ

● Хабзэм щыщщ

Насыпыр фызым къыдокІуэ

«Жылэм ягъэпуда лІыр фызыфІым къыдехьижри, фызым игъэпуда лІыр жылэми къахудэхыжыркъым», - жеІэ нэхъыжьыфІхэм къытхуагъэна псальэжьым. НэгъуэщІ псальэжь купщафІэхэри щыІэщ: Бжэгъу закъуэ хэси, фызыфІым уигъэунэнщ. ФызыфІ и Іэнэ хьэзырщ. ЛІым и узыншагъэр фызым и фІыгъащ. Насыпыр фызым къыдокІуэ. Унэр зыгъэунэри благъэр зыгъэблагъэри фызырщ.

Мыбыхэм наІуэ къащІ унагъуэр зэгурыІуэ-зэдэІуэжу, хабзэрэ нэмысрэ я жьэгу дэлъу псэуфын папщІэ унэгуащэм ящІ дыдэ зэрелъытар. ЛІэщІыгъуэ куэдкІэ ямыгъэунэхуауэ жаІакъым «Бзылъхугъэр унагъуэм и шхэпсщ, лъэпкъым и къуэпсщ» псальэ Іущхэр. АтІэ сыт хуэдэу унэгуащэр зэрыщыгъпхъэр?!

ЦІыхубзыр сыт щыгъуи нэхъ тэмакъкІыхьу, шыІэныгъэ хэлъу, хуэгъэкІуатэ ищІэу щытыпхъащ. Абы къикІыркъым и щхьэр зыгуэркІэ игъэпудыжу. ЦІыхубзым и бзэ ІэфіагъымкІэ, и гуапагъэмкІэ езыр зыхуей псор лІым иригъэщІэфу щытын хуейщ. Пэжщ, абы папщІэ Іуэхум акъыл хэлъу бгъэдыхьапхъэщ. Ивыжьыжу макъ ІэтакІэ цІыхухъум пэувыжыныр бзылъхугъэ щэнкъым, атІэ и щхьэр зэригъэпудыж хьэл мыхъумыщІэщ.

Сыт хуэдэ Іуэху имылэжьми, дэнэкІэ зимыгъаэми, бзылъхугъэ щхьэгъусэм дахагъэр, къабзагъэр, гуакІуагъэр кьебэкІуэ щытыпхъэщ. Зэи мыубэщхьужу цІыхубзым бгъэдэлъ Іэщэр и бзылъхугъэ щэнырщ. Фызыр абы кІэпъмыпплъыж щыхъукІэ, ар унагъуэ зэтекъутэм и ялъэбакъуэщ.

ЗэщхьэгъусІым я зэхущытыкІэхэр, я тІасхъапІэбыдапІэхэр цІыхубзым утыку ищІ хабзэкъым. ЦІыхухъум апхуэдэу ищІэмэ, ар емыкІу дыдэщ. Зэдэпсэун щыщІадзагъащІэм щегъэжьауэ зэщхьэгъуситІым яку дэлъ пэжыгъэщ абыхэм пщІэрэ щІыхьрэ зэрызэхуащІ гъащІэ гъэмылэу ягъуэтыжьынри.

Фызыр тхьэусыхэрейм, унагъуэр гугъусыгъум хэкІыркъым. ЗэщхьэгъуситІыр зэгурыІуэмэ, Іуэху гуэша унагъуэм щызэдаІэкъым. Адыгэ ныбэр и гущІэ-тхьэмадэ, нэхъыжь е хамэ щыту и бын едэхэщІанырэ е ехъурджэуэныр къеІуркъым, апхуэдэщ абыхэм я пащхьэ и щхьэгъусэм щепсэльэнри. УнэгущІэм щхьэгъусэм и дэтхэнэ Іуэхури диныГыу, абы и щІэгъэкъуэну, жыпІэнурамэ, гъащІэ Іуэгу баш хуэхъуфу щытыпхъэщ.

ЗэщхьэгъуситІым нэхъ зэгъунэгъу дунейм теткъым, и нэчыхьым хуэпэжыныр кьызэрымыкІуэ хабзэфІщ, унагъуэ, лъэпкъгъэдахэщ, я пщІэри лъагэу еІэт.

Фызыр лІым дэтІысу шхэныр хабзэу щытакъым. Ар бзылъхугъэр ягъэикІэу аратэкъым, атІэ фІы псори зыхуагъэфащэ цІыхур и жьэ иущІу, зыгурэм едзакъэу, жьэгъуашхэу ялъагъуну хуейтэкъыми аращ.

Щхьэгъусэр кьызэрыкІуэжынур зыщІэ бзылъхугъэр абы мыгъуэлъыжу ежьэмэ, гуапагъэщ, нэмысщ, пщІэ зэхуэщІынщ кьикІыр.

ШЭРДЖЭС Алий.

● Теплъэгъуэхэр

Налшык къалэр мэщІэращІэ.

● Шхыныгъуэхэр

Прунж къъуейжьапхъэ

Прунжыр зэхащыпыкІ, фІыуэ ялъэри, гъур хьуху ягъэгъущ. Прунж къабзэр яхьэжри, къъуэнэкІэ яухуэнщІыж. Шыуаным псы щІыІэ тІэкІу иракІэ, абы джэдыкІэ кугъуэда зыхэлъ шатэ хакІэри, дакьикьи 5 - 6-кІэ къагъэкъуалъэ. ИтІанэри а шатэ къэкъуалъэм, къыркуэ мыхъун щхьэкІэ зэІащІэуэрэ, прунж хьэжыгъэр хакІутэ. Шыуаныщхьэр ныкъуэтепІэу, зэззэмызи зэІащІэуэрэ, дакъикъэ 15 хуэдизкІэ къагъавэ, тхъу къыщІидзыху. Абы кхъуей цІынэ хагъэщащэ, зэІащІэуэрэ шыгъушыпс хакІэри, щыуаныщхьэр техауэ дакъикьи 4 - 5 хуэдизкІэ, къззыр хъуху, ягъажьэ. Кхъуейжьапхъэ жьар пщтыру тепщэчкІэ Іэнэм трагъэувэ. Пастэ щІыІэ, чыржын, хьэлІамэ, щІакхъуэ даших. Щэ хуабэ трафыхьыж.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):

Псы щІыІэу - г 50
Шатэу - г 260-рэ
Джэдыкі кугъуэу - зы ныкъуэ
Прунж хьэжыгъэу - г 15
Кхъуей цІынэу - г 15
Шыгъуу - узыхуейм хуэдизу

КІэртІоф хьэнтхъупс

Шыуаным тхъу ираліхъэри, мафІэ щабэм тету ягъэткІу. Абы зэпэллимэурэ упщІэта бжьыныщхьэ халъхьэри, зэІащІэурэ ягъэлыбжьэ, шыбжий сыр хьэжа хакІутэ, зэІащІэурэ тхъуэплъ дахэ хъуху ягъэлыбжьэ. Абы псывэ къагъэхьэзырам щыщ. бэлагъкІэ зэІащІэурэ щІакІэ, зэІащІэурэ мафІэ щабэм тету дакъикьитІ-щыкІэ къагъэкъуалъэ. Абы халъхьэ Іупщ1эурэ упщІэта кІэртІоф. Псывэ кьэнар щІакІэжри, шыгъу хадзэ, зэІащІэ. Шыуаныщхьэр трапІэри, хьэзыр хъуху мафІэ щабэкІэ ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкум кьытрахри джэдгьи, бурш хаудэ, шыуаныщхьэр трапІэжри, дакьикьитхукІэ щагъэт. Пщтыру фальэкІэ Іэнэм трагъэувэ. ЩІакхъуэ е лэкъум даших. Шати хэзыкІэ щыІэщ.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):

Тхъууэ - г 40
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 35-рэ
Псывэу - г 900
КІэртІоф укъэбзауэ - г 200
Щыгъуу, щыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхынхэр» тхьилъым къитхьжащ.

● ЗэвгъащІэ

Жьы хъуа псальэхэр

Хьэлыуэ Іэпищ. Фэрэкі къызэуза сабийр хъужа иужькІэ, хьэлІамэ хуагъавэрт, сабийм и Іэпищым и пІэ тедзауи ГынэгъуэкІм хуахьыртт, я сабийр зэрыхъужам, иужь укъыкІэлъыкІуэ зэрыхъунум и щІыхьэтэ.

Гъэзугдзъаззэ. Мыр адыгэхэм хьэщІэм хуащІ пщІэм, кІэлъызэрахьэу щыта хабзэхэм ящыщ зыщ. Къуажэм дэкІуу гъэугу техьам, хьэщІэ къакІуэу илъагъумэ, кІиГъэзэжьІрти къуажэм нэскъитэблагъэт, хьэщІэм хуит кІищІыжмэ, и гъэзугм пищэжьрт.

Дыщрыс. Пасэ зэманым щыгъуэ нысэр унагъуэ ихьа иужькІэ, и дыщым илъэскІэ щис къэхъурт, зыхьхьа унагъуэм уасэр зэхуахьэсыху.

Гущэкъъуибзэ. Адыгэхэм хабзэу къадекІуэкІыу щытащ зы жэщым жьлэм кьыдалъхуа щІалэ цІыкІумрэ хьэджэбз цІыкІумрэ я гущэкъу зэхуэрабзэу. Ахэр балигъ хъуа иужькІэ унагъуэ хъун хуейуэ арат.

● Юбилей

Къыхиха ІэщІагъэм хуэпэжу

Псыгуэнсу щыпсэу Хьэсанэхэ Марксрэ 3оерэ я унагъуэм илъэс 60 ипэкІэ, щыщхьэУІум и 4-м, Вадим зыфІаща щІалэр кьахэхъуащ. Адэр къуажэ амбулаторэм фельдшеру щылэжьащ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ яхэтыжкъым, анэм унагъуэ Іэхуэхэр и пщэм дэлъу, сабийхэр гъэсэныр и кьалэн нэхъыщхьэу кьэгъуэгурыкІуащ.

Щыэщ цІыху, гъащІэм щахашыну лъагъуэр тыншу къахуэмыгъэуту, унэтІынныгъэ зэхуэмыдэхэм я кьару щеплъыжкІэрэ гугъу дехьу я увыпІэр кьалъыхъуэжу. Хьэсанэ Вадим кьызыхуигъэщІа ІэщІагъэм тыншу хуэкІуащ. Къуажэм дэт курыт школыр кьиухри, Нарткъалэ автомобилхэм щыкІэлъыплъу щыІэ станцым автослесару лэжьэн щыщІидзащ. Илъэс 42-кІэ пэрытащ ар а Іэнатіэм. Абы и щыхьэтщ дэжьапІэ кьызэращтамкІэ щыхьэт тхьылъым а зы тхыгъэм фІэкІа зэримытыр.

А зэманым кьыриубыдэу Вадим зыпэрыт Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ ІэщІагъэлІ кьиущІыкІащ. Автомобиль куэд гъуэгу тригъэувэжащ абы, и лэжьыгъэм зэрехьылІэмкІэ, и ІэкіуэлъакіуагъэмкІэ машинэр зейхэр арэзы ищІыфу. Псэ хьэлэлкІэ Іуэхум зэрыпэрытри гулъытыншэ хъуакъым, Хьэсанэм мызэ-мытІэу кьызыхагъэфэщащ станцым и унафэщІым кьыбгъэдэкІ щІыхь тхьылъэр.

Ауэрэ зэманым зихъуэжащ, предприятэр уней мылъку щыхъуэм, Вадим и щхьэ хэзлэжьэжьн щІидзащ, Аби и Іэзагъэм, и зэфІэкІым сытым дежи щІэупщІэ иІэнущ, и лэжьыгъэр зыхуэдэм зэ щыгъуазэ хъуам и машинэр нэгъуэщІым дзыхь хуищІыжьынукъым.

Куэд щІащ Хьэсанэм Нарткъалэ псэупІэ зэрыхуэхъурэ, ауэ кьыщалъхуа жьлэжьмым къуэпс быдэкІэ пыщІащ, и сабиитэм, щІалэгъуэм и ныбжьэгъуу щытахэм, фІыуэ илъагъу и кьуажэдэхэм щІэх-щІэхыурэ яхуозэ. Унагъуэ дахи иухуащ Вадим. И щхьэгъусэ Ленэрэ абырэ хабзэрэ нэмысрэ яхэлъу ягъэсащ я щІалэ Ахьмэдрэ япхъу Каринэрэ. Я бынхэм щІэныгъэ нэхъыщхьи иратащ, дэтхэнэми езым и уfaпІэ жьлагъуэм щызригъэгъуэтыжащ, унагъуи хуужакъэщ.

Мы махуэхэм Хьэсанэ Вадим и благъэ-Іыхьлыхэр, и ныбжьэгъуэхэр щІыгъуу игъэлъэпІащ и ныбжьыр бжьыгъэ дахэ - илъэс 60 - зэрырикъур. Махуэшхуэ Іэнэм абы щыхуаІэта хьэрэхъуэр хуэфащэ дыдэщи, фІыуэ хужаІа псори Тхьэм кьыльигъэс.

● ФщІэн папщІэ

Уасэр къыщежьар

Пасэрей алыдж тхыдэтх Геродот (ди эрэм и пэкІэ 490 - 425) зэритхыжамкІэ, пасэрей Иллирим (Балканхэм щыІа къэралыгъэщ) хабзэ гъэщІэгъуэн щекІуэкІырт. Зи дэкІуэгъуэ хъуа хуиІэкІэзэхэр ящэхурт. Абдежым уасэр къыщежьауэ хуагъэфащэ.

* * *

Дыгъэм и радиусыр ЩІым ейм нэхърэ хуэди 109-кІэ, и щхьэфэр ЩІым нэхъ хуэдизу 1.300.000-кІэ, и хьэлъагъыр - хуэдэ мин 330-кІэ нэхъ инщ. Дыгъэм и хьэлъагъыр абы и хуэрегъыр къэзылъэтыхь планети 9-м я хьэлъагъым нэхърэ хуэдэ 750-кІэ нэхъыбэщ. Ар нэхъ тэмэму кьыбгурыІуэн щхьэкІэ, мыпхуэдэ щапхъи къэпхь хъунущ. Зы хъарбызышхуэрэ хугу хьэдэз цІыкІурэ зэбгъэдэлъхьэмэ, сыт хуэдэу зэхуэхъурэ? Апхуэдэщ Дыгъэмрэ ЩІымрэ.

* * *

Ялэ спутникыр СССР-м 1957 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м иутІыщащ. Спутник ІэрыщІ нэхъыбэ дыдэ щаутІыпщар «Плесецк» космодромырщ - спутник 1.452-рэ. ЕтІуанэ уявупІэр абыкІэ зыІыгъ Байконурщ - 1.031-рэ, ещанэр - Канавералщ (США) - 590-рэ.

* * *

Тхакіуэ-фантаст Уэллс Герберт и романхэм къыщигъэльэгъуат: 1889 гъэм къыдигъэкІам - Іэщэ папщІэу лазер хьэзэрагупсысынр, 1899 гъэм - видеомагнитофон зэрызэпкъраль хьэнур, 1901 гъэм - автомобилхэр уэрамхэм дэмыхуэж зэрыхъунур, 1903 гъэм - зауэхэм танкхэр куэду кьыщагъэсэбэпу зэрыхуэежьэнур, 1914 гъэм - атомнэ Іэщэ шынагъуэр кьызэрагупсысынр.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

Псалъэзэблэдз



ЕкІуэкІыу: **1.** ЧыцэмкъэпыкіэпхъэщхьэмыщхьэгъуэжьгуащІэ цІыкІу. **4.** «Сыкіуэнт нэхъ псынщІэу схуэзфІэкІым - мыЧэму си шыр согъэлъэхъу, ... уэ фІыкІэ уигу сыкъэкІым, си ГъуэгУ кІыхь хъуну къызэхъуэхъу» - КІыщокъуэ Алим и уСэ цІэрыІуэм щыщщ. **7.** Мынэхъыжь, мынэхъыщІэ. **8.** ЦІыку мелуанийм щІигУ щыпсэу, США-м щыщ къалэшхуэ Ныю- ... **10.** Егъэлеяуэ ерыщ. **11.** ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **12.** ... зимыІэм дзажэпкъ иІэщ. **15.** Адыгэ цейм и гупэм щыщ Іыхьэ. **16.** МусПъымэн лъэпкъыщхьэ. **19.** Хьэмбыпу лъэпкъ, цІыхум хущхъуэу къагъэсэбэп. **20.** Шатэ е тхъуцІынэ гъэвэжам и щхьэм хьищІ дагъэ. **21.** Шым и кІуэкІэ. **22.** Адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и цІыхубэ усакІуэ. **25.** Урысей Федерацэм и щІынальэшхуэ, областхэр, крайхэр, республикэхэр кьызэщІиубыдэу. **26.** Адыгэ таурыхъхэм узыщІрихьэлІэ псэущхьэ шынагъуэ, щхьэ зыбжанэ фІэту. **30.** Нартыхур бгъэлъапхъэмэ, ар къонэ. **32.** Уэрэд зыбжанэ зытрагъэхьа къуэлэбзу пІэкъуэу псыгъуэ кІыхь, пщэ кІыхь. **33.** Нартыхуу щхьэкІэм къыдидз гъэгъа. **34.** Къуажэм ... щыхуэхъум, шум нэхъ хуэм зищІащ. **36.** Шэнт ... , е щІакъуэ ... **37.** Езыр-езыру къэкІ, кІэртІофым ещхь хадэхэкІ. ЦІыкУм яшх. **38.** Щыгъупщэх, зи гум зыри изымыуфыдэф цІыху.

Къехьу: **1.** Джэдкъазым, къуалэбзум я дамэхэм пхъашэу тетщ. **2**. «Уэзы ...» - адыгэ уэрэдыжь цІэрыІуэ. **3**. Ди инэр ... Іэджэу зэтетщ. **4**. ЦІыкуфэ зэфІэнаитІым я зыам адрейм иреутІыпщ: «Уи ... кьысщыхуэ!» **5**. Уэшхрэ уэсрэ зыщІэт жьапщэ ин. **6**. Хьэхуу ят мыхабзэ щыгъын. **9**. АпхуэдизкІэ хьэкІэпычщи, гу кІуэм ... къыкІэреуд. **13**. Зеикъуэ кьуажэм щыколхоз тхьэмадэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь ... Анзор. **14.** Мэжаджэ, хьэтыкъ, чыржын, ... **15**. Адыгэ шхыныгъуэ ираф. **17**. Зи тхьэмпэхэр щхъуантІэ-хужьыфэ, тхьылъымпІэ кьызыхах жыг. **18**. Псыежэхым и адрей лъэныкъуэмкІэ кьыщыпъ щыналъэ. **23**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ цІыхур щыту малІэ. **24**. Іэпхъуамбапщэм и кІыхьагъэм къиубыд пщалъэ. **27**. Хьэиху- ... **28**. Зэпымыууэ уэс зытелъ бгыШхуэ. **29**. Дзэлыкъуэ щынальэм щыщ кьуажэ. **31**. ЦІыху залым, фІэкІыпІэншэ. **33**. Уэрэд гууз. **35**. Уеплъмэ - ... , уеджэмэ - дэгу. **36**. Шым и ... макъ бом кьыщІэІуКІащ.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Бадзэуэгъуэм и 31-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: 1. Хъарып. **4.** Куэбжи. **7.** Сыр. **9**. Тебэ. **10.** Гурыхь. **11**. Мыщэ. **12**. Акъыл. **13**. Блэ. **15**. ПаскІэ. **17**. Кьулъшыкъу. **19**. Жэп. **20**. Гъудэ. **21**. Хьуэт. **24**. Щэбэт. **25**. Пщащэ. **26**. КІэн. **28**. Хьэсэ. **30**. УмыщІ. **32**. ЩІалэ. **33**. Биуу. **34**. Шхуэ. **35**. ЩтапІэ. **36**. Фдэн.

Къехьу: **2**. Акъбащ. **3**. Псыбыб. **4**. Кургъуокъуэ. **5**. Жырыкъ. **6**. ЩтамылІэ. **8**. Щхьэлыкъуэ. **14**. Ляндыщэ. **16**. КІапсэ. **18**. Лъэхъуэщ. **22**. ПщыхьэщІэ. **23**. ЛъэгущІэуэ. **26**. КІэрашэ. **27**. Нэбгъэф. **29**. Сэлэт. **31**. Маисэ.

● ГушыІэхэр

Йокъури йожьэж

Фэтэрым хэлъ уэзджынэр кьозу. Бжэр Іуахмэ, лІы мыцІыху щытщ.

- Фи кІрантІым псы къыдэжрэ?
- Хьэуэ...
- Щхьэщытхъуэх я унагъэракъэ мыбы щыпсэур?
- Хьэуэ, ахэр зэрыІэпхъуэрэ илъэс мэхъу...
- ГъэщІэгъэнщ мы цІыхухэр! Сантехникыр кьраджэри, езыхэр йокъури йожьэж!

Псэущхьэ тхьэмыщкІэ

- Уа си гъунэгъужь, уи фызыр зэпымычу апхуэдизу зытекІиер хэт?
- Ди хьэрщ.
- Сыту псэущхьэ тхьэмыщкІэ ар. Ар унэм щІидзу ІункІыбзэ іухри къытрихыжьыну абы дыгъуасэ жриІэрт.

Билетыр хьэм ейщ

МафІэгум и вагон зэпыхьэпІэм зылІ итщ, хьэ абрагъуэ щІыгъуу.

ГъуэгупщІэр зыта-зымытахэр къэзыпщытэр лІым щыбгъэдыхьэм, абы билетыр кьригъэльэгъуащ.

- Хьэми кьыхуэпщэхун хуеящ билет, - жиІащ кондукторым, зэрымыарэзыр и фэм кьиІуатэу.
- Ар хьэм ейуэ аращ.
- Ууейр-щэ?
- Сэ си1экъым. Ухуейм сикІынщ, мыр кьыпхуизнэнщи.

Бзэ Іэфіу ущытын хуейщ

- Си гъащІэм слъэгъуакъым жэмым жэщ-махуэм шэ литрищэ кьыщІэкІыу. Ар дауэ кьоХъулІэрэ?
- Бзэ Іэфіагъырщ псори зэлъытар. Пщэдджьжьым Іуэм сыщІохьэри: «Сыт, си мамыжь, нобэ тщІэнур? Шэ кьыязэптыну хьэмэрэ лы сщэну?» - жызоІэри соупщІ.

● Псалъэжьхэр

Гум фІэІэфІыр нэм фІэдахэщ

●А сигу, зыІэжьэ, а си жьэ, зыуфыд.
●Абдж щыкъуейм лъапцІэу ухэмыувэ.
●Закъуэныгъэ нэхърэ - Іэл къыбдис.
●Абы бгым зыщидзыжмэ, уэ вийкІэ увэну? («Умыфыгъуэ, умыижэ» жыхуиІэщ).
●Нанэм щыгъур дадэщ.
●Адыгэ и хьэщІэ быдапІэ исщ.
●Гъунэгъур унэгъащ, кьигъунэгъужыр гъунэгъущ.
●Нэгум щІэтыр нэм хуэдэщ.
●АдрыщІым ущІэдэумэ, мыдрыщІыр кьыплъысынщ.
●Жьы зэрымысым нэмыс илъхьым, щІэ зэрымысым насып илъхьым.
●Жьалым пхъуантэ кІуэцІми укъыщигъуэтынщ.
●Насыпыр фызым къыдокІуэ.
●Іытхэ дыгъэ си нысэ типси, бжьыхьэ дыгъэ сипхъу типсэ.
●КъуэфІ и анэ гуфІэ щигъащІэркъым.
●Жьалым умылъэхъуэ - езым укъигъуэтынщ.
●Гум фІэІэфІыр нэм фІэдахэщ.
●Акъыл зимыІэм насып иІэкъым.

● Псалъэжьхэр

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (унафэщІ-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщІ-редактор), Кьаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхьы секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмышщ Иэ.

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхуэ1апІэхэм ядолжжьнымкІэ - 42-60-53; узышІагъэр хъуэмэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэмарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтчэтхым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалъэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтекъу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэмэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, БсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ гаметым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.839 ● Заказ №1742